ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКъУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№22 (23.992) ● 2020 гъэм мазаем (февралым) и 26, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Iэтащхьэр Хэкум и хъумакIуэм и махуэмкIэ ветеранхэм ехъуэхъуащ икIи юбилей медалхэр яритащ

Хэкум и хъумакIуэм и махуэм КIуэкIуэ Казбек ялъыгъуэзащ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу Багъ Сэфудин, Евтушенкэ Николай, Кучуков Мэхьмуд сымэ.

«ГъЭ КъЭС дэ нэхъ куэ зыхьдощIэ ди Хэкур зыхъумахэм я фэеплъыр гъэлъапIэн зэрыхуейр. А IуэхуМ гулъытэ хэха хуещI къэралым и Президент Путин Владимир. СэрыгурыIуэгъуэщи, гулъытэ нэхъыщхьэр яГуэтын хуейщ щIэблэр зыхэпсэуI мамыр гъащIэр, Сэрэл лъэщыр, гуапагъэрэ дахагъэу щыIэ псори зыхъума ветеранхэу иджыпсту псэухэм. Дэ пщIэшхуэ фхуэтщIу ди щхьэр фхудогъэщхъ икIи илъэс куэдкIэ фыпсэуну дыныбохъуэхъу», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек фронтым Iута зауэлIхэм щахуэзам.

КъБР-м и Iэтащхьэм ветеранхэр псэемыблэжу зэрылэжьам, зауэм и илъэсхэм лIыхъужьыгъэрэ хахуагъэрэ зэрахъуам папщIэ ехъуэхъуащ икIи «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщыхъха ТекIуэныгъэр илъэс 75-рэ ирокъу» юбилей медалхэр яритащ.

Евтушенкэ Николай Никитэ и къуэр дзэм 1940 гъэм щегъэжьауэ хэтащ. Ар Ленинград къэзыхъуреихьа бийр зэтезыкъутахэм, Курск и Iэшэлъашэхэм щыIэ Прохоровкэ жылагъуэм и хэлъам папщIэ ехъуэхъуащ икIи «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщыхъха ТекIуэныгъэр илъэс 75-рэ ирокъу» юбилей медалхэр яритащ.

Багъ Сэфудин Хьэтал и къуэр дзэм 1941 гъэм яшащ. Дон Iус Ростов, Воронеж, Белгород, Прохоровкэ зыхъумахэм, Чехословакиер хуит къэзыщIыжахэм ящыщщ. Апхуэдэу ар Берлин къэзыщтахэм яхэтащ. «Хэку зауэшхуэ» орденым и деж щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм хэтахэм, Днепр зэпрыкIахэм, Вислэ-Одер, Берлин операцэхэр езыгъэкIуэкIахэм, Прагэ хуит къэзыщIыжахэм ящыщщ. Игъэлъэгъуа лIыгъэм папщIэ «Хэку зауэшхуэ» орденым и етIуанэ нагъыщIэр, «Берлин къэзыщтахэм яхэтащ. «Щ1ыхь» орденым и ещанэ нагъыщIэр, «Хахуагъэм папщIэ», «За боевые заслуги», «Ленинград зэрахьуам папщIэ», «Прагэ хуит къыдзэращIыжам папщIэ», «Германием зэрытекIуам папщIэ» медалхэр яритащ.

Багъ Сэфудин Хьэтал и къуэр дзэм 1941 гъэм яшащ. Дон Iус Ростов, Воронеж, Белгород, Прохоровкэ зыхъумахэм, Чехословакиер хуит къэзыщIыжахэм ящыщщ. Апхуэдэу ар Берлин къэзыщтахэм яхэтащ. «Хэку зауэшхуэ» орденым и етIуанэ нагъыщIэр, «Красная Звезда», «Германием зэрытекIуам папщIэ», «За боевые заслуги» медалхэр яритащ.

Кучуков Мэхьмуд Азрэт и къуэм 1941 гъэм и жпэгъуэ мазэм щегъэжьауэ дзэм къулыкъу щищIащ. Ищхьэрэ-Къухьэпс, 2-нэ, 3-нэ Украин фронтхэм, Карельскэ фронтым щызэуащ. Сталинград зыхъумахэм, бийм и Ясско-Кишеневскэ дзэ гупыр зэтезыкъутахэм, Украинэр, Карелиер, Румыниер, Венгриер, Югославиер, Австриер хуит къэзыщIыжахэм ящыщщ. УIэгъэ хьэлъэхэр игъэтащ. «Хэку зауэшхуэ» орденым и етIуанэ нагъыщIэр, «Красная Звезда» орденыр, «За боевые заслуги», «Будапешт къызэращтам папщIэ», «Георгий Жуков», «Германием зэрытекIуам папщIэ», «Сталинград зэрахъумам папщIэ» медалхэр иIэщ. Къалэхэр къыщащтэм, псышхэхэр къыщызэрранэкIым IэкIуэльакIуэу зэрызэуам папщIэ Главнокомандующэ Нэхъыщхьэм и фIыщIэу 14 къыхуагъэфэщащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

«Къэрал властым и федеральнэ органхэм я къэрал къэпщытэныгъэм (кIэлъыплъыныгъэм) щIэт организацэхэм, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ и органхэм егъэджэныгъэр зыунэтI и Iэнатlэхэм нэмыщI, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм егъэджэныгъэ лэжьыгъэр щезыгъэкIуэкI организацэхэм яхуэгъэза къэрал къэпщытэныгъэ (кIэлъыплъыныгъэ) зэтегъэуэвэныкIэ къэрал къалэныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министерствэм зэригъэзащIэм теухуа Административнэ регламентыр къэщтэным и Iуэхуэ1э» 2015 гъэм гъатхэпэм и 30-м къыдагъэкIа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №45-УГ-м къару имыIэжу къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мазаем и 21-м
№6-УГ

Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI лицензэхэр тынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъакIа Указ №13-УГ-мкIэ къищтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэ1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI лицензэхэр тынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, «Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI лицензэхэр тынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъакIа Указ №13-УГ-мкIэ къищтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) комиссэм хэгъэхьэн Чеченов Р. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ, хьэрычэт лэжьыгъэм зыщIэгъэкъуэнымрэ псэупIэ-коммунальнэ политикэмкIэ и комиссэм хэтыр;

б) Тхьэгъэлэдж М. У. и кулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Тарифхэмрэ псэупIэм и Iэнатlэм щыкIэлъыплъыныкIэ и комитетым и административно-финанс управленэм коррупцэм пыщIа хабзэнщагъэхэр къэмыгъэхъуным хэгъэза профилактикэ лэжьыгъэр къызэгъэпэщныкIэ и секторым и унафэщIыр»;

в) Щоджэн Л. В. и кулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Тарифхэмрэ псэупIэм и Iэнатlэм щыкIэлъыплъынымрэ лицензэхэр тынымкIэ и управленэм и лицензэхэр тынымрэ фэтэр куэд хъу унэхэр зэрызэрахьэм кIэлъыплъыныкIэ и къудамэм и унафэщIыр»;

г) комиссэм къыхэгъэкIыжьын Мэзло Р. Б.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мазаем и 21-м
№7-УГ

«Гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексым и Iуэхущ1апIэу категориехэр зратын хуейхэр къыхэтхыкIыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iуэхущ1апIэм дызыхьха илъэсым и пэщIэдзэм лэжьыгъэшхуэ къыпэщытщ социальнэ Iэнатlэм хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ федеральнэ программэ хэхахэм япкъ иткIэ щIэгъэхуэбжьауэ щауэ Iуэхущ1апIэхэр нэгъэсауэ электрокъарукIэ къызэгъэпэщныкIэ.

КъЭБГъЭЛъЭГъУЭНУ ирикъунщ зи ныбжьыр илъэсищым щIимыгъуа цIыкIуэхэм папщIэ Щэджэм, Тэрч, Бахьсэн, Май щIыналъэхэм хиубыдэ жылагъуэхэм, ХьэтIохьущыкъуей, Щ1ыхьэлыкъуэ къуажэхэм сабий яслъэхэр, Чыщ1ан1ыкъ, Белокаменскэ, ХьэтIохьущыкъуей, Къарасу, Пэскэн ЕтIуанэ къуажэхэм щэнхабзэ унэхэр, Анзорей къуажэм паркыщIэ щыщIын зэрауэр. Псори зэхэту социальнэ Iуэхущ1апIэ 24-м ирашэлIэнуц мегаватт 2,2-рэ зи лъэщагъ электрокIапсэхэр.

Апхуэдэ социальнэ Iуэхущ1апIэхэр электросетым пыдзэныкIэ лэжьыгъэхэр энергетикэм ялъ ирагъэщ икIи а Iуэхум зэблэу къыхэмыкIын папщIэ зыхуеину Iэмал псори къэзэрагъэпэщ. «Къббалъкъэнерго» зэгъэхьныгъэм и Iэщ1агъэлIхэм иджырей технологиехэр, материалхэр, Iэмэпсымэхэр, кIапсэхэр, трансформатор подстанцэхэр къагъэсэбэп. Лэжьыгъэхэр тэмэму егъэкIуэкIыныкIэ хуабжьу сэбэп хъунущ Iуэхущ1апIэм иджыблагъэ техникэщIэу куэд къызэрыIэрыхьар.

ГУЗЕЕВЭ Индирэ.

№22 (23.992) ● 2020 гъэм мазаем (февралым) и 26, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

---

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм фэтэр куэд хъууэ щIыIэ унэхэм щIипсоухэм мылъку мыгуэшар капитальнэу зэгъэпэщыжьыным трагъэкIуэдэн папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу 2020 - 2022 гъэхэм ятыну взносыр зыхуэдизыр гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2020 гъэм мазаем и 20-м Налшык къалэ №15-ГП

Урысей Федерацэм ПсэупIэмкIэ и кодексым и 156-нэ статьям и Iыхьэ 8-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм фэтэр куэд хъууэ щIыIэ унэхэм хиубыдэ мыгуэша мылъкур капитальнэу зэгъэпэщыжьынымрэ и Iуэхукlэ 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м кьащта Республикэм и Закон №62-РЗ-м и 3-нэ статьям и Iыхьэ 4-м апкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм фэтэр куэд хъууэ щIыIэ унэхэм щIипсоухэм мылъку мыгуэшар капитальнэу зэгъэпэщыжьынымрэ трагъэкIуэдэн папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу 2020 - 2022 гъэхэм ятыну взносыр зыхуэдизыр гъэувыным и Iуэхукlэ.

2. Мы унафэм и къарур ятохуэ 2020 гъэм щIышIылъэм и 1-м иужькIэ зэтеува хабзэ зэхущытыкIэхэм.

3. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Къуныжь М. А.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

● Щэджэм щIыналъэ

Лэжьыгъэхэм пэрохьэ

Щэджэм районым и автомобиль гъэзэгуэхэр зэIуэзэпэщ щIыным теуха лэжьыгъэхэм пэрохьэ.

ГъУЭГУ фэбжьхэр гъэмэщIэным теухауэ УФ-м и Президентым къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гъэзэгу хозяйствэмкIэ и управленэм купщIафIэу егъэлажьэ «Гъэзэгуфlхэмрэ гъэзэгу шынагъуэнщэхэмрэ» фIэщыгъэм щIэт лъэпкъ проектыр. Абы и лъэныкъуэкIэ 2019 гъэм гъэзэгухэр къэгъэнэхуным теухуа лэжьыгъэшхуэр зэфIагъэкIащ. Электрическэ линэхэр щагъэуващ Щэджэм, Щхьэлыкъуэ, Нартан жылагъуэхэм. Дызэтехьа 2020 гъэм Лашынкъейм и гъэзэгухэр къагъэнэхунущ.

Апхуэдэ лэжьыгъэ зэпэщхэм я фIыгъэкIэ гъэзэгум кьыщIыхь фэбжьхэр нэхъ мащIэ зэрыхъунум щэч къытрахьэркъым щIыпIэ унафэщIхэми гъэзэгум щIыпIыр ГАИ-м и лэжьакIуэхэми.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Налшык хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ компаниер ГъатхэI лэжьыгъэхэм хуэбгъэрыгъэрыкъым.

КъАЛАЩ1ХЬЭМ и «Стрелка» хьэблэм и ныкъуэмрэ Аэропортым и Iэгъуэблагъэмрэ мы махуэхэм коммунальщыкэм лэжьыгъэшхуэ къыщрахьэлIащ. Щ1ым щIэлъ псы бжьамийхэр кхъахэ зэрыхъуам къыхэкIыу щIыпIэ зыбжанэм къыщыщIудати, унэ зэтетхэм ящыщ куэдым екIуалIэ псыр яГъэбыдэн хуей хъуащ.

Налшык къалэ администрацэмрэ Аэропортым и унафэщIхэмрэ я зэгурыIуэныгъэ хэлъу ремонт лажьыгъэхэр зэман кIэщым кьриубыдэу кърахьэлIащ. Iэщ1агъэлIхэм къызэрыхагъэщамкIэ, а щIыпIэм щIэлъ бжьамийхэр Осетие Ищхъэрэ - Аланиемкlэ кIуэцIрыкI линэм тетщ икIи ремонтыр нэгъэсауэ лъеныкъуитIымкIи къыщамыщIмэ, бжьамийхэм псори гугъу зэрыдехьынум щэч къытрахьэркъым.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

● ЖКХ

Бжьамийхэр ягъэзэкIуэж

НОБЭ

Мазаем и 26, *бэрэжьей*

♦Кувейтыр хуит къыщащIыжа махуэщ. 1991 гъэм Иракым и дзэхэр а къэралым ирахужащ.

♦1712 гъэм Пётр Езанэм и унафэкIэ Тулэ къыщыпсэIуахащ Iэщэ къыщыщIагъэкI завод. Ар Урысейм щыяпэ апхуэдэ IуэхущIапIэт. Абы зиужьуэ Тулэ къаларым Iэщэ къыщыщIагъэкI и щIыпIэ нэхъыщхьэ хуэдэу щытащ.

♦1714 гъэм пщы лIакъуэм щыщхэм къызэрыгуэкI сэлэту дзэм къулыкъу щамыщIамэ, офицер цIэр яфIэмыщыным теухуа унафэ къыдигъэкIащ Пётр Езанэм.

♦1918 гъэм Совет правительствэр Петроград икIри Москва Iэпхъуащ.

♦1935 гъэм Шотландием щыщ физик Уотсон-Уатт Роберт радар Iэмэпсымэщ1эм и зэфIэкIыр здынэсыр къипщытащ. Щ1ыпIэмэ уэгуми абы «къыщыубыдыфырт» куэдкIэ пэжьжьэхэр.

♦1936 гъэм Германием щызэпкъралъхьащ «Фольксваген» автомобиль лIэужьыгъуэщIэр. Куэдым яГу зэрырихьам, и уасэкIи зэрыеезгъыраб1гъум щхьэкIэ абы «щIыхубэ автомобилкIэ» щоджэ а къэралым.

♦1990 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщ1ыкъэм и Президиумым и унафэкIэ СССР-м и Президент къулыкъур яГуэващ.

♦1990 гъэм советыдзэкэр Чехословакием кьрашIжу щIадзащ.

♦1993 гъэм «Урысейм и Аграрнэ парт» къызэрагъэпэщыным теухуа съезд зэхэтащ.

♦Франджы тхакIуэ цIэрыIуэ Гюго Виктор къызэралъхьэрэ илъэс 218-рэ ирокъу.

♦Совет парт лэжьакIуэ, Ленин (Ульянов) Владимир и щхьэгъусэу щыта Крупская Надеждэ къызэралъхурэ илъэси 151-рэ ирокъу.

♦2001 - 2006 гъэхэм Израилым и премьер-министру щыта **Шарон Ариэль** (и унэцIэ дыдэр **Шейнерманц**) къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Совет футболист цIэрыIуэу щыта, Москва и «Спартак» клубыр къызэзыгъэпэща Старостин Николай къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ Щауэ Къалидар и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист Жариков Евгений къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Адыгэ сурэтыщI, цIыхубэ Iэпщ1эпIалъапщIэ, Iуэрыlуатэдж, РАХ-м и дипломант, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и художник **ГъукIэ Замудин** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и Парламентым и депутат, Афганистаным щызэуэахэм я республикэ зэгурыIонымкIэ и унафэщIу щыта, къэрал дамыгъэ зыльапIэ зыбжанэ зыхуагъэфэща Тхьэгъэлэдж Тимур и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градус 2 - 3 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Iэмбатэ зэрымыт пыпхъуэ ирагъэувэ.

IуэхущIапIэщIэхэр электрокъарукIэ къызэрагъэпэщ

«Россети Кавказ Ищхъэрэ» зэгухьэныгъэм и къудамэ «Къэббалъкъэнерго» Iуэхущ1апIэм дызыхьха илъэсым и пэщIэдзэм лэжьыгъэшхуэ къыпэщытщ социальнэ Iэнатlэм хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ федеральнэ программэ хэхахэм япкъ иткIэ щIэгъэхуэбжьауэ щауэ Iуэхущ1апIэхэр нэгъэсауэ электрокъарукIэ къызэгъэпэщныкIэ.

КъЭБГъЭЛъЭГъУЭНУ ирикъунщ зи ныбжьыр илъэсищым щIимыгъуа цIыкIуэхэм папщIэ Щэджэм, Тэрч, Бахьсэн, Май щIыналъэхэм хиубыдэ жылагъуэхэм, ХьэтIохьущыкъуей, Щ1ыхьэлыкъуэ къуажэхэм сабий яслъэхэр, Чыщ1ан1ыкъ, Белокаменскэ, ХьэтIохьущыкъуей, Къарасу, Пэскэн ЕтIуанэ къуажэхэм щэнхабзэ унэхэр, Анзорей къуажэм паркыщIэ щыщIын зэрауэр. Псори зэхэту социальнэ Iуэхущ1апIэ 24-м ирашэлIэнуц мегаватт 2,2-рэ зи лъэщагъ электрокIапсэхэр.

Апхуэдэ социальнэ Iуэхущ1апIэхэр электросетым пыдзэныкIэ лэжьыгъэхэр энергетикэм ялъ ирагъэщ икIи а Iуэхум зэблэу къыхэмыкIын папщIэ зыхуеину Iэмал псори къэзэрагъэпэщ. «Къббалъкъэнерго» зэгухьэныгъэм и Iэщ1агъэлIхэм иджырей технологиехэр, материалхэр, Iэмэпсымэхэр, кIапсэхэр, трансформатор подстанцэхэр къагъэсэбэп. Лэжьыгъэхэр тэмэму егъэкIуэкIыныкIэ хуабжьу сэбэп хъунущ Iуэхущ1апIэм иджыблагъэ техникэщIэу куэд къызэрыIэрыхьар.

ГУЗЕЕВЭ Индирэ.

2019 гъэм зэфIагъэкIар къапщытэж

Урысейм и Федеральнэ антимонопольнэ IуэхущIапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI Пщыншэ Казбек иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм щыхэплъэжащ 2019 гъэм зэфIагъэкIахэм.

• ЗэIущIэхэр

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ УФАС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэхэу **Къумахуэ Аннэрэ Гаев Рэмэзанрэ**, КъБКъУ-м Правэмкlэ, экономикэмрэ финансхэмкIэ и институтым антимонопольнэ законодательствэмкIэ и кафедрэм и студентхэр.

Пщыншэ Казбек псом япэу къытеувыIащ IуэхущIапIэм и къалэн нэхъыщхьэхэм. Абы жиIащ ахэр зэрыкIэлъыплъыр хьэпшып зэбграгъэкIым, Iуэхутхьэбзэхэр къызэрызэрагъэпэщым ехьэлIауэ законодательствэм зэрытетым, апхуэдэуи ерыскъыпхъэхэм я фIагъымрэ уасэмрэ зэрызэпалъытым. IуэхущIапIэр жыджэру долажьэ республикэм и хабзэхъумэ IэнатIэхэм.

«Зэпеуэныгъэр хъумэным теухуауэ» Федеральнэ Закон №135-ФЗ-м къыщыгъэлъэгъуахэр къызэрызэпаудам теухуауэ УФАС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм 2019 гъэм къыщIигъэщащ Iуэхугъуэ 50-м нэблагъэ. Ахэр теухуат къагъэсэбэпа газым и куэдагъыр щхьэусыгъуэ имыIэу къызэрыIамыхам, хабзэм къемызэгъыу хьэрычэтыщIэм и IуэхущIапIэм екIуалIэ газыр зэрыпаупщIам, законодательствэм къыщымыхьауэ гъущIгъуэгу станцхэм щрагъэкIуэкI Iуэхутхьэбзэхэм езыхэм я уасэ щагъэувыжауэ къызэрыхахым, нэгъуэщIхэми.

- Урысейм и ФАС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэр блэкIа илъэсым хэплъащ антимонопольнэ законодательствэм ехьэлIауэ административнэ хабзэхэр къыщызэпауда Iуэху 81-м. Псоми зэхэту тралъхьащ къуэдыуэ сом мелуани 3-рэ мин 219-рэ. Абыхэм ящыщу къыхахыжар сом мелуани 2-рэ мин 651-рэ мэхъу, - жиIащ Пщыншэм. - КъищынэмыщIауэ, рекламэм теухуа законодательствэр къызэрызэпаудам ехьэлIауэ Iуэхугъуэ 24-рэ къэтIэтащ. Абыхэм япкъ иткIэ административнэ жэуапым ирашэлIахэм къуэдыуэ хуатха сом мин 334-м ящыщу къыIахыжащ сом мин 332-рэ. «Урысей Федерацэм сату Iуэхур къызэрыщызэрагъэпэщым теухуауэ» Федеральнэ Законым къигъэувхэр зэрагъэзащIэм дыкIэлъыплъу, ди IуэхущIапIэр нэгъабэ хэплъащ «Калужское» ФГУП-м хабзэр къызэрызэпиуда Iуэхум. Ар административнэ жэуапым ирашэлIащ, икIи къуэдыуэ сом 1 мелуанрэ 500-рэ тралъхьащ.

Пщыншэ Казбек жиIащ Урысей Федерацэм и Президентым 2019 гъэм къыдигъэкIа накъыгъэ унафэхэр ягъэзэщIэным хыхьэу, Урысейм и ФАС-м и щIыналъэ къудамэхэм къалэн зэрыщащIар лъэпкъ проект 12-м къыщыгъэлъэгъуахэр законодательствэм тету къызэрызэрагъэпэщым нэхъ жыджэру кIэлъыплъыну.

Апхуэдэуи къэпсэлъам дыщIигъуащ сыт щыгъуи я нэIэ зэрыщIагъэтыр автомобиль бензинхэмрэ дизель гъэсыныпхъэмрэ зыщэхэр, аптекэхэр зыгъэлажьэхэр.

ЗэIущIэм и кIэухым Пщыншэ Казбек журналистхэм я упщIэ зыбжанэм жэуап иритащ.

КЪАНШОКЪУЭ Мэлычыпхъу.

75

Абы тыншыпIэ зэи къилъыхъуакъым

А махуэр гукъинэжт Мухьэмэдрэ абы и классэгъухэмрэ я дежкIэ. Дунейр щIэращIэт, я щIалэгъуэт, курыт еджапIэри къаухати, ехьэжьауэ я гуфIэгъуэт. Школым щекIуэкIа пщыхьэщхьэр зэфIэкIа нэужь, зэрыклассу Къызбрун бжьэпэм дэкIри, хэкIуэтэху къакIухьат, я хъуэпсапIэ зэхуаIуатэу, зэчэнджэщу. Ауэ зи дахэгъуэ, зи дунейтехьэгъуэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я хъуэпсапIэ псори къатекъутащ етIуанэ махуэм. Бахъсэн аузми къэсащ фашистхэр ди Хэкум къызэрытеуам теухуа хъыбарыр.

Уэрдокъуэ Мухьэмэд

ЗЭРЫПХЪУАКIУЭХЭМ япэувыну зызыIэта и къуажэгъухэр щилъагъум, езым иджыри военкоматыр къемыджами, Мухьэмэд мурад ищIащ япэ ищахэм гъусэ захуищIыну. Къыхуэмыгупсысыр ар и адэ-анэм зэражрIэну щIыкIэрт. А щIалэ закъуэм фIэкIа зэрамыIэм къыхэкIыу, абы къыфIэщIырт, «ар уигу къыумыгъэкIыххэ» жаIэу, адэ-анэр къыпэувыну. Ауэ Iуэхур зэрымыгугъауэ къыщIидзащ.

- Уи Хэку пхъумэжын нэхърэ нэхъ къалэн лъапIэ щыIэкъым, си щIалэ, - къыжриIащ и адэм, и мурадыр хуиIуэта нэужь. - Ди лъэпкъым зэи игу техуэу щытакъым и лъахэр бийм иутэу, «адыгэ щIалэщ» жегъэIэ, узыпIахэри уезыгъэджахэри умыгъэукIытэ. Уи хъыбарыфI тхьэм зэхыдигъэх.

Курыт школыр фIы дыдэу къэзыуха Уэрдокъуэ Мухьэмэд кхъухьлъатэзехуэ хъуну щIэхъуэпсами, гъунапкъэхъумэхэр щагъэхьэзыр еджапIэм ягъэкIуащ. Ар зыдэтыр Калининградти, къалэ ин зэи зымылъэгъуа щIалэм къыщыщIидзар фIэгъэщIэгъуэну зэпиплъыхьырт. Ауэ зэгуэр щIэращIэу, нэжэгужэу щытами, иджы къалэм и теплъэм гукъыдэж гуэри къуитыжыртэкъым. Унэхэмрэ заводхэмрэ я щхьэгъубжэхэр къегъэбыдэкIат, уэрамхэм нэхъыбэу щыплъагъур дзэлI фащэ зыщыгъ цIыхухэрт.

Къалэдэсхэр уэрамым дэтыну хущIыхьэгъуи гукъыдэжи зэрамыIэр нэрылъагъут, ахэр фронтым хуэлажьэрт, щхьэмыIэту.

ГъащIэр ткIийуэ щекIуэкIырт еджапIэми. Зэман кIэщI дыдэм къриубыдэу офицер хъун хуей щIалэхэм, еш-зыгъэпсэху жыхуаIэр ямыщIэу, дзэ Iуэхум зыхуагъасэрт. Ауэ куэд дэмыкIыу зауэм къызэпиудащ курсант гъащIэри. Фронт гъунапкъэр къызэпызытхъа фашистхэм къалэдэсхэр щапэщIэувэм, курсантхэри абыхэм яхыхьащ. ГущIэгъуншэт Мухьэмэд зыIууа зауэр. УэгумкIи щIылъэмкIи шэр къащытелъалъэрт. ТIэкIу щхьэкъэIэтыпIэ къигъуэту щыплъэм, абы япэ дыдэу къилъэгъуащ фашист зыхужаIэ, дунейр зэрызыпхъуэну къежьа цIыхухэр. Ахэр тегушхуауэ къакIуэрт, къапэувыфын щымыIэу я фIэщ хъужауэ. Мухьэмэд и автоматыр нэхъ благъэ къыхуэхъуа сатырым триубыдэри, кIакхъур щIичащ. НэгъуэщI лъэныкъуэхэмкIи зэуэ къыщылъэлъащ автомат куэд. Абыхэм якIэлъыкIуащ танкхэм ирадза гранатэхэри, псори зэхэзэрыхьыжри, зауэр гуащIэ хъуащ, сыхьэт бжыгъэ нэхъ дэмыкIыуи, нэмыцэхэр ирагъэкIуэтыжащ.

Абдежырщ Мухьэмэд япэу зауэм и гынымэ гуащIэр къыщыщIихьар. Ар абы и япэ гъэунэхугъуэт.

Абы и ужькIэ зауэ гуащIэ Iэджи хэтащ Уэрдокъуэр. И пIалъэр къэмысу офицер ящIу училищэм къыщIигъэкIа адыгэ щIалэр хэхуат НКВД-м щыщ фочауэ полкым. И къалэным фIыуэ зэрыхуэхьэзырым нэмыщI, лIыгъэ, тегушхуэныгъэ зэрыхэлъыр къалъытэри, ар ротэм и командирым и къуэдзэу ягъэуващ. А зэманым абы хуатха характеристикэм дыкъыщоджэ: «Зэман кIэщIым къриубыдэу Уэрдокъуэр ротэм пашэ щыхъуащ. Зауэ Iуэхухэм фIыуэ зэрыхуэхьэзырым папщIэ, абы ЩIыхь тхылъ кърататащ, лейтенант нэхъыжь цIэри и пIалъэ къэмысу къыфIащащ».

1943 гъэм и гъатхэрт. Калининград фронтым Iут зауэлIхэм загъэхьэзырырт май махуэшхуэр ягъэлъэпIэну, абы хуэфащэу IущIэну. Уэрдокъуэр зыхэт гупым унафэ къыIэрыхьащ, майм и 1-м, пщэдджыжьым Крымкэ станицэр нэмыцэхэм къыIэщIагъэкIыжыну. Бий кхъухьлъатэхэм щысхьрабгъу ямыIэу бомбэр кърадзыхырти, къыпщыхъуэрт станицэм бгъэдыхьэпIи бгъэдэкIыпIи имыIэу. Ауэ, абы щхьэкIэ къимыгъанэу ротэр ежьащ, унафэр игъэзэщIэну. Станицэ дыхьэпIэм деж щызэхаубла зауэ гуащIэм командирыр уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ. Унафэр и пщэ дилъхьэжащ Уэрдокъуэм. Иджы абы и лIыгъэмрэ и унафэ щIыкIэмрэ куэд елъытат. ЗауэлIхэр станицэм зэрыдэгуэри, лагъымхэр фашистхэр къызыщIэукI унэхэм щIаутIыпщхьэу щIадзащ, щхьэгъубжэмкIэ къыдэлъа зырызхэри жыжьэ ягъэкIуакъым. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, Уэрдокъуэр зи унафэщI ротэм май махуэшхуэм ирихьэлIэу иджыри зы станицэ зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжауэ щытащ. А операцэр фIыуэ зэрызэфIигъэкIам папщIэ Мухьэмэд къыхуагъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь орденыр. Пэжу, а хъыбар гуфIэгъуэр абы щызэхихар сымаджэщым щIэлъущ: ар уIэгъэ хьэлъэ хъуат, и ныбэм шэ къытехуэри.

НэхъыфI зэрыхъужу, Уэрдокъуэр зауэм Iуохьэж. Абы унэм къетх, зэрыузыншэр, бийм зэрезауэр, дамыгъэ лъапIэ къызэрыратар. Анэм письмор кърихьэкIыурэ гъунэгъухэм яригъэлъагъурт. Дауи, гуфIэгъуэт, узыншэу, орден къратауэ уи къуэ закъуэм и хъыбар къыпIэрыхьэныр.

Уэрдокъуэр зыхэт ротэр Псыжь и Iэхэлъахэм щызауэрт. Ар екIуэлIат бийм яIыгъ щIыпIэ гуэрым. БыдапIэр бгъэдыхьэпIэншэт, уи щхьэр къуимыгъэIэту дэнэ лъэныкъуэкIи шэр къилъэлъырти. Къэнэжыр зыт - фашистхэр гъэбэлэрыгъауэ жэщым быдапIэм теуэнырт. А къалэныр и пщэ далъхьащ Уэрдокъуэр зи пашэ зауэлI гупым. Iэмалрэ лIыгъэу ябгъэдэлъыр къагъэсэбэпри, абыхэм быдапIэр жэщым яубыдащ. Абдеж къыщигъэлъэгъуа хахуагъэмрэ зэфIэкIымрэ папщIэ, Мухьэмэд кърататащ етIуанэ дамыгъэ лъапIэр - Хэку зауэ орденыр.

Абы иужькIи зэуапIэм Iутащ Мухьэмэд, мызэ-мытIэуи лIыгъэ къигъэлъэгъуащ, ауэ и ныбэм телъ уIэгъэр къэятэжри, аргуэру сымаджэщым щIэхуэжащ. ТекIуэныгъэр къэсыным къэнэжар мащIэт, ар дзэм ныкъуэдыкъуагъэкIэ къыщыхагъэкIыжам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэзэжа нэужь, Уэрдокъуэр ягъэуващ Ислъэмей къуажэм щыIа колхозиплIым я зым и унафэщIу. Ахэри зэгуагъэхьэжыхукIэ лэжьа иужькIэ, Уэрдокъуэм илъэс зыбжанэкIэ къулыкъу щызэрихьащ Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэм. И узыншагъэр абыи хуэмыхъуж щыхъум, щалъхуа Къызбрун ЕтIуанэ къуажэм къэIэпхъуэжащ. Ауэ Мухьэмэд и гум техуакъым апхуэдэу пасэу зитыну. ЛIыгъэ зыхилъхьэри, ФизкультурэмкIэ институтым, Волгоград дэтым, щIэтIысхьащ. Зэ еплъыгъуэкIэ гугъут ар уи щхьэм къибгъэтIэсэну - ныкъуэдыкъуагъэкIэ лэжьапIэм къыIукIыжа щIалэр физкультурэ институтым щIэсу. Апхуэдэу щытми, Мухьэмэд ерыщагъ ин къыкъуэкIащ. Спорт лIэужьыгъуэ зыхыблкIэ япэ разряд къихьри, нэщанэ еуэнымкIэ спортым и мастер хъуащ. Уэрдокъуэм курыт школым илъэс бжыгъэкIэ физкультурэм щыхуригъэджащ, спортсмен цIэрыIуэ куэди а зэманым игъэсащ. Абыхэм ящыщщ Хьэххэ Хьэсэнрэ Нажмудинрэ, Улымбащ МутIалиф, ТIэхьир Валерэ, Елдар Мухьэдин сымэ. И лэжьыгъэфIым папщIэ абы къыхуагъэфэщащ СССР-м и ДОСААФ-м и ЦК-м и дамыгъэ зыбжанэ, «ЦIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и отличник» цIэ лъапIэр.

Мы сурэтыр зылъагъухэр щIэупщIэнкIэ хъунщ: «ПащIэшхуэ зытет мы лIы екIур щыслъэгъуар дэнэ?» жаIэу. Ар зыщыгъупщэжахэм фигу къызогъэкIыж: «Бгы къыгуэуа» («Лавина с гор») япэ адыгэ фильмыр тезыхахэм ирагъэблагъэри, Мухьэмэд абы щигъэзэщIауэ щытащ абрэджхэм я Iэтащхьэм и ролыр.

Абы и закъуэкъым Уэрдокъуэм и Iэужь зыхэлъ Iуэхугъуэхэр. Мухьэмэд курыт школым къыщызэригъэпэщауэ щытащ къэфакIуэ гуп. Ар Къущхьэхъу щыIэ Iэщыхъуэхэм я дежи къуажэхэми куэдрэ щыхьэщIащ, зыкъыщигъэлъэгъуащ. Аращ япэ дыдэу къамэхэр и жьэм жьэдэту къафэу щIэзыдзар.

И ныбжьыр илъэс 80-м щынэсами, Мухьэмэд, илъэс 60 зи ныбжь нэхъ щIалэ яхэмыту, къэфакIуэ гуп къызэригъэпэщри, илъэс зыбжанэкIэ къуажэдэсхэр игъэгуфIауэ щытащ.

Мухьэмэд мы тхыгъэр зытх сэри сригъэджауэ щытащ. Сэ иджы фIыуэ къызгуроIуэ, дэ абы сытым щыгъуи пщIэ хуэтщIу щIыщытар. Ар къекIуэкIащ и къалэным хуэпэж, ныбжьэгъум хуэхьэлэл, хабзэшхуэ зыхэлъ цIыхуу.

Уэрдокъуэм езым и бынхэри гъуэгу тэмэм тригъэуващ, Iэщlагъэ зырыз яригъэгъуэтащ. Ахэр псори унагъуэ хъужауэ, адэм хуэфащэу, хьарзынэу мэпсэу. Нэхъыщхьэращи, къыщIэхъуа и щIэблэр дунейм тетщ, хабзэрэ нэмысрэ яхэлъу, пэжыгъэкIэ цIыхухэм ябгъэдэту.

Мухьэмэд и цIэр ислъэмейдэсхэм ноби ящыгъупщакъым.

КЪАРДЭН Мухьэмэд.

ДЖАЗЭ Хъусен:

• Ди хьэщIэщым

«Ди щIалэгъуалэр хэкупсэу къохъури, сахуэарэзыщ»

2009 гъэм хьэжыщI щыIа, Налшык къалэм дэс Джазэ Хъусен и жэрдэмкIэ, иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщащ Адыгэ лъэпкъым я нэхъыжьхэм я хасэ. Мазэ еплIанэ хъуауэ лажьэ зэгухьэныгъэр зыхунэсахэм нэхъыжьыр къытхутепсэлъыхьыну къытхуеблэгъащи, абы къыджиIахэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.

- Хъусен, Iуэхур къызэрепхьэжьам, къызэрохъулIам дыщыбгъэгъуэзэну дыхуейт.

- Мыпхуэдэ зэгухьэныгъэр ди гъунэгъу щIыналъэхэми, ди балъкъэр лъэпкъми къызэрагъэпэщауэ ягъэлажьэ. КъызыхэкIам я Iуэхухэр ягъэкIуатэ, я хабзэрэ щэнхабзэри яхъумэж. Дэри ди лъэпкъыр зыгъэгулэзхэм нэхъыжьхэм ди гупсысэ хэтлъхьэну сфIэигъуэ хъуащ. Уи лъэпкъым пщIэ хуумыщIыжмэ, хэт къакIуэу узыгъэлъэпIэнур?! Ар дэ езым ди пщэ къыдэхуэж Iуэхущ. ЗэрыжаIэмкIэ, мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэщ жылагъуэ зэгухьэныгъэу 80 хуэдиз, ауэ абыхэм я лэжьыгъэм арэзы укъищIу схужыIэнукъым. Жылагъуэм я гукъеуэр зэхэкIын щхьэкIэ цIыхубэмрэ щIыналъэ унафэщIхэмрэ зэпэгъунэгъу щIын хуейщ. Адыгэм и Iуэхур къэтIэтыжыпхъэщ. Апхуэдэ лъэмыжу нэхъыжьхэр нобэ дыувыпхъэщ. Ахэращ щхьэусыгъуэ хуэхъуар зэгухьэныгъэр къызэдгъэпэщыным.

Япэ дыдэу мы Iуэхур къыздиIыгъащ Политикэ залымыгъэ зытехьахэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Щыхьмырзэ Маркс. Абы къыкIэлъыкIуэу чэнджэщкIэ зыкъысщIагъэкъуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, профессор Хъурей Феликс, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ фондым и унафэщI Вэрокъуэ Владимир сыми. Дэтхэнэми фIыщIэ яхузощI.

- Сыт хуэдэ къалэнхэр зыхуэвгъэувыжрэ?

- Ди бзэ, ди хабзэ, ди фащэ тхъумэжын хуейщ. Ахэр ди мурад псоми я лъабжьэщ. Апхуэдэуи ди уэрамхэм я фIэщыгъэхэм арэзы укъащIыркъым. Абыхэм куэд дыдэ яхэтщ мыхьэнэ щIагъуэ зыщIэмылъ, псым е зыпэгъунэгъу щIыпIэм къытекIа цIэхэм фIэкIа ямыIэу. Абыхэм нэхърэ нэхъыфIтэкъэ ди лIыхъужьхэм, ехъулIэныгъэ зиIа, тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ хъуа ди цIыхухэм я унэцIэхэр яфIэтщыжамэ?! А Iуэхум теухуауэ зызыхуэдгъэзахэм къыджаIащ ар зэкIэ зэрылэжьыгъэ гугъур. А фIэщыгъэхэр зэпхъуэкIын щхьэкIэ, псалъэм папщIэ, уэрамым тесу хъуам я дэфтэрхэми зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэжын хуей хъунущ, мылъку гуэри текIуэдэнущ. Сыт хуэдэ гугъуехь пылъми, ар мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм ящыщщ.

Налшык къалэм и уэрам нэхъыщхьэм, Лениным и цIэр зезыхьэм, и кIыхьагъкIэ удэкIуеймэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым узэрыщыIэр кърипщIэну зы унэ закъуэ тету аращ - ар «Адыгэ унэ» IуэхущIапIэрщ. Хамэ къэрал къикIыж ди лъэпкъэгъухэм я Хэку къызэрихьэжам и нэщэнэ яIэщIэмылъэгъуэжыну ди Iуэхур кIуэ пэтми зэIохьэ. Дызыщыпсэур Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэу щыщыткIэ, псом япэ дыдэ адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэкIэ IуэхущIапIэу хъуар къэгъэлъэгъуапхъэщ.

Япэ адыгэ узэщIакIуэ Нэгумэ Шорэ и фэеплъыр здэщытыну щIыпIэм (КъБКъУ-м и пщIантIэм) мывэр зэрыщагъэтIылърэ илъэс куэд дэкIащ, ауэ нобэр къыздэсым зэфIагъэкIакъым. Апхуэдэ Iуэхур Iэпэдэгъэлэл пщIыныр емыкIукъэ?!

КъищынэмыщIауэ, нобэ дытегузэвыхьын хуейщ ди бзэм. Сыту жыпIэмэ, ар зэрыхэкIуэдэжым и нэщэнэхэр тлъагъу хъуащ. Иджыблагъэ Налшык къалэм дэт зы курыт еджапIэм и унафэщIым жиIа псалъэхэм зэрызехьэшхуэ кърикIуащ. «Адыгэбзэм си къэжьын къегъакIуэ», - жиIэу къызэрыжьэдэкIамрэ школ библиотекэм анэдэлъхубзэмкIэ щIэлъ тхылъу хъуар игъэсыну зэрыхэтамрэ я хъыбарыр щызэхэтхым, дыкъимыгъэуIэбжьу къэнакъым. КъызыхэкIа лъэпкъми зыхэсми пщIэ хуимыщIу аращ. Ар щIэпхъаджагъэкъэ?! Япэ зэманрауэ щытамэ, Хэкум ирахуну къэзылэжьахэм ар ящыщт. Мис апхуэдэхэм дапэщIэувэфын хуейщ.

Ди гукъеуэхэм ящыщщ цIыхум и дэфтэр нэхъыщхьэм зыщыщ лъэпкъыр къызэрыщымыгъэлъэгъуар. Адыгэбзэри балъкъэрыбзэри къэралыбзэу щагъэувакIэ, си лъэпкъыцIэр щхьэ абы ит мыхъурэ?! А Iуэхум теухуауэ ди щIыналъэ Iэтащхьэмтхыгъэхуэдгъэхьэзырыныуэ ди мурадщ.

Дызыгъэгушхуэм и гугъу пщIымэ, икъукIэ ди щIалэгъуалэм сахуэарэзыщ. Адыгэ джэгур, ди лъэпкъ къафэр хуабжьу яфIэфIщ, ныпыр кърахьэкI, фащэр ящыгъщ. СызэреплъымкIэ, ди щIэблэр нэхъ хэкупсэу къохъу иджыпсту икIи абы сыщогуфIыкI. Псоми зэращIэщи, ди лъэпкъ фащэр Кавказ псом, уеблэмэ, къэзакъхэми къащтауэ ящыгъщ. АтIэ дэ езым абы хуэтщIыж пщIэр сыт хуэдэ?! Хьэмэ анэдэлъхубзэкIэ республикэ псом къыщыдэкI газет закъуэм нобэ иIэ пщIэм арэзы укъищIрэ?! «Адыгэ псалъэ» газетыр «Ленин гъуэгу» фIэщыгъэр иIэу къыдэкIыу щыщыта зэманым жыджэру сыкъатхэу щытащ. Иджы апхуэдэ Iэмалхэри щыIэжкъым. Сытми, упщIэ куэд диIэщ. Дызыхунэсыр тщIэнщ, ди къару къихьымкIэ лъэпкъым зыщIэдгъэкъуэну дыхьэзырщ.

- Зэгухьэныгъэм иджыпсту цIыху дапщэ хэт? Сыт хуэдэ Iуэхухэр къэфIэтыну фыхунэса?

- Иджыпсту цIыху 30 дохъу. Мазэ къэс дызэхуос, ауэ пэш щхьэхуэ диIэкъым. Ди зэIущIэхэр зэкIэ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и фондым къыщызэдгъэпэщу аращ, Вэрокъуэ Владимир зыкъытщIигъэкъуауэ.

Япэ дыдэу къэтIэта Iуэхухэм ящыщщ волейболымкIэ Олимп чемпионкэ, адыгэ бзылъхугъэ Ахэмын Еленэ и цIэри спортым ехъулIэныгъэ къыщызыхьахэм я щIыхькIэ Налшык къалэм щагъэтIыса жыгыщIэхэр зытет лъэс лъагъуэм деж трегъэтхэныр. Апхуэдэуи Налшык къалэм Пушкиным и цIэр зезыхьэ уэрамым Беслъэн къалэм щыхэкIуэда сабийхэм я фэеплъу щагъэува пхъэбгъум гу лъумытэххэу щытщи, ар зыхуей хуэгъэзэн зэрыхуейр къыхэтлъхьащ. Осетин лъэпкъым я зэгухьэныгъэм и унафэщI Сугкоев Рэмэзан а Iуэхум теухуауэ зыкъытхуигъэзащ, дэ тхузэфIэкIымкIэ дыдэIэпыкъуну къэдгъэгугъащ. Ещанэ ди лэжьыгъэр зытедухуар Нэгумэ Шорэ и фэеплъыр гъэувынращи, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин депсэлъащ, тхыгъэ дгъэхьэзырыну абы къыджиIащ. Къапщтэмэ, министрым дыщигъэгъуэзащ фэеплъым и проектыр ягъэхьэзырауэ зэрыщытыр. Зы Iуэху къыдэхъулIэмэ, хуэмурэ етIуанэ лъэбакъуэри тчынщ. ДыхущIэкъунщ сэбэп дызэрыхъуным.

Епсэлъар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

• Бахъсэн щIыналъэ

Ухуэныгъэхэр зэпыуркъым

«Демография» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ Ислъэмей къыщызэIуахащ сабий яслъ**э. Курыт еджапIэ №4-м хэту яухуа IэнатIэм къиштэнущ мазитIым къыщыщIэдзауэ илъэсищым нэмыса цIыкIу 40.**

СЫТ и лъэныкъуэкIи иджырей мардэхэм тету ухуэныгъэр кърахьэлIащ. Абы хэтщ джэгупIэ, жеипIэ, медицинэ пэш зэпэщхэр, Iэмэпсымэ нэхъыфIхэмкIэ къызэгъэпэща шхапIэ, физкультурэ-музыкэ зал. ЦIыкIухэр жьы къабзэм хэту щыджэгуну утхэри дахащэщ, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэ куэдми тещIыхьащ.

Бахъсэн щIыналъэм и демографие щытыкIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ иджыри мыпхуэдэ зы яслъэ Ислъэмей дэт курыт еджапIэ № 1-м хащIыхьынущ. Ар хьэзыр щыхъунур мы илъэсым и шыщхьэуIу мазэм и кIэрщ. Апхуэдэ ухуэныгъэщIэхэр иджыпсту Зеикъуэ, ХьэтIохъущыкъуей, Куба жылагъуэхэми щокIуэкI.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

• Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

ТекIуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьа сэлэт. *Сурэтыр 1944 гъэм трахащ.*

• Гу зылъытапхъэ

Хуейхэр ирагъэджэнущ

Хъыбар фыдогъащIэ Урысей ФСИН и еджапIэ нэхъыщхьэм - Правэмрэ управленэмкIэ и академием (Рязань къалэ) - щрагъэджэну щIалэхэр зэрагъакIуэмкIэ.

УРЫСЕЙМ и ФСИН-м и еджапIэхэм щIэсхэр къанэ щымыIэу къэралым и мылъкукIэ къызэрагъэпэщ. Абыхэм къагъэсэбэп Урысей ФСИН-м и уголовно-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм щхьэкIэ ягъэува льготэхэр: щрагъэджа зэманыр я лэжьыгъэ стажым хагъэхьэ, курсантхэр пщIэншэу ягъашхэ, общежитхэм щIэсщ, фащэкIэ къызэрагъэпэщ, я стипендиехэр зы мазэм сом мин 13-м къыщыщIэдзауэ мин 20-м нос, еджапIэр къауха иужь лэжьапIэ ягъэувынымкIэ икIи улахуэфI къахьынымкIэ шэсыпIэхэр яIэщ, къэзыухахэм «къэрал кIуэцI къулыкъум и лейтенант» цIэр фIащ, IэщIагъэ зыгъуэтахэм иужькIэ ират япэу зыхуеину хьэпшыпхэр къызэращэхуну ахъшэ, илъэсипщIкIэ къулыкъу ящIа иужь, псэупIэ къащэхун е яухуэн папщIэ социальнэ ахъшэ къыIахынымкIэ хуитыныгъэ яIэ мэхъу.

Урысей ФСИН-м и еджапIэхэм къыщащтэркъым я узыншагъэкIэ дзэ къулыкъум ирамыджахэр, щеджэ, щыпсэу щIыпIэхэм фIыкIэ зи цIэр щымыIуахэр, ягъэтIысауэ е суд зытращIыхьауэ щытахэр, спортымкIэ ягъэува пщалъэхэр зымыгъэзэщIэфхэр.

Мы Iуэхум нэхъ узэщIауэ щыгъуазэ зыщыфщIыфынущ Урысей ФСИН-м и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм кадрхэмкIэ и къудамэм: Налшык къалэ, Абыдэм и уэрам, 2 «А», телефонхэр: **22-97-15, 8-988-725-80-55**.

КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-IуэхущIапIэ.

И адыгэгур хамэ щIыналъэм щызыхъумэфа КIубэ Щэбан

Адыгэ усакIуэ, IуэрыIуатэдж, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ КIубэ Щэбан къызэралъхурэ илъэси 130-рэ ирикъуащ.

ЛЪЭПКЪЫМ и тхыдэм хэмыгъуэщэн лъагъуэ, Iэужь дахэ къэзыгъэна адыгэ щIалэр 1890 гъэм Адыгейм хыхьэ ХьэкIуринэхьэблэ къыщалъхуащ. Я къуажэм дэт курыт еджапIэр, мыдрисэр къиуха иужькIэ, 1917-1919 гъэхэм Налшык къалэ щыIэ дин IуэхущIапIэм щеджащ. 1925 -1927 гъэхэм Ленинград (иджы Санкт-Петербург) дэт семинарием и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ. Ар езыгъэджахэм ящыщщ академик Марр Николай. 1926 гъэм КIубэ Щэбанрэ Шумэныкъуэ Гуащэнагъуэрэ унагъуэу тIысыжащ.

1928 - 1934 гъэхэм Щэбан Краснодар дэт педагогическэ, театральнэ техникумхэм адыгэбзэр щригъэджащ. Луначарскэм и цIэр зэрихьэу Москва дэт Театр гъуазджэхэмкIэ институтым ирагъэблагъэри, илъэситIкIэ щылэжьащ. Адыгейм и щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым адыгэбзэмрэ IуэрыIуатэмрэ джыным щелэжьащ. 1943 гъэм КIубэ Щэбан IэмалыншагъэкIэ хэкум икIын хуейхъуащ.

Илъэс 30-м щIигъукIэ хамэ щIыпIэ щыпсэуами, Щэбан къызыхэкIа лъэпкъым махуэ къэси хуэлэжьащ. ИлъэсищкIэ Германием щыпсэуа иужькIэ Тыркум Iэпхъуэри, а къэралыгъуэм зэрыщыIа зэманым сэбэпынагъышхуэ пылъу къигъэсэбэпащ. Тыркум и адыгэ къуажэхэр къызэхикIухьурэ, IуэрыIуатэр зэхуихьэсыжащ, уэрэдыжьхэр итхыжащ. Апхуэдэуи Иорданиемрэ Сириемрэ щыпсэу адыгэхэм ящIэж IуэрыIуатэмрэ уэрэдыжьхэмри мымащIэу зэщIикъуэжащ абы.

1956 гъэм ар Франджым Iэпхъуэри, илъэсищкIэ Канны щыпсэуащ. Зэхуихьэса лэжьыгъэхэр а лъэхъэнэм гупсэхуу зэригъэзэхуэжащ. Дуней псом къыщацIыху щIэныгъэлI Дюмезиль Джордж КIубэр иригъэблагъэри, Париж дэт Сорбонн университетым адыгэхэм я лъэпкъ творчествэр илъэсиплIкIэ щригъэджащ. Абы иужькIэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм Iэпхъуэри, щыпсэуащ. 1974 гъэм, и ныбжьыр илъэс 84-м иту, ар Паттерсон къалэм (США) дунейм щехыжащ. ЩыщIалъхьэжари арац.

Лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьынымкIэ КIубэ Щэбан къызэрымыкIуэу лэжьыгъэшхуэ ищIащ. Ар усакIуэт, тхакIуэт, уэрэдуст, уэрэджыIакIуэт, курыт еджапIэм щIэсхэр зэреджэну тхылъ япэу зыгъэхьэзырахэм ящыщт. Уэрэдымрэ къафэмкIэ япэ Адыгей ансамблым и художественнэ унафэщIу щытари арац. IуэрыIуатэдж, щIэныгъэлI, адыгэхэм я япэ критикхэм хабжэ. Лъэныкъуэ куэдкIэ зэфIэкI лъагэхэр къэзыгъэлъэгъуа а адыгэлIым и цIэр лъэпкъым и тхыдэм дыщэ хьэрфкIэ хитхэжащ. Абы щыхьэт техъуэ Iуэхугъуэ куэд щыIэщ.

«КIубэ Щэбан адыгей IуэрыIуатэр фIыуэ зыщIэж зырызхэм ящыщщ, абы цIыхубэ уэрэдыжьрэ «Нарт» эпосым хыхьэ уэрэду 300-м щIигъу гукIэ ещIэ. Адыгэхэм я лIакъуэхэм я уэрэд гъэIукIэм иIэ щхьэхуэныгъэхэм фIы дыдэу щыгъуазэщ, езым уэрэд дахэ дыдэхэр зэхелъхьэ» - «Адыгэ уэрэдхэр», «Адыгские (Черкесские народные песни и мелодии» тхылъым щитхащ Гребнев А.

«ЗэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ КIубэ Щэбан усакIуэщ икIи уэрэдус Iэзэщ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа уэрэдхэм я нэхъыбэр Адыгейм къафэмрэ уэрэдымкIэ и ансамблым егъэзащIэ, щыхьэт тохъуэ «Большевик» газетыр 1923 гъэм.

КIубэ Щэбан и тхылъих хамэ къэралхэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкIащ. Зауэм ипэ лъэхъэнэм КIубэм абы и уэрэдхэр «Апэрэ лъагъу» (1929 гъэ), «Шахъо» (1939 гъэ), къыдэкIыгъуэхэм ихуащ.

«Шахъом и оред», «ЛэжьэкIо оред», «Мыекъуапэ - тимэфэкI мафэ» нэгъуэщIхэри, апхуэдизкIэ цIыхум я гум дыхьащи, цIыхубэ уэрэду фIэкIа зымыщIэр нэхъыбэщ. Сыт и уасэ и сабий уэрэдхэр - нобэр къыздэсым абыхэм я щIэупщIэр кIуэщIыркъым.

КIубэ Щэбан и лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэщ «Алфыбэ», хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр зэреджэн «Уитжыд» тхылъхэр. Апхуэдэуи абы и къалэмым къыщIэкIащ «Гъундж», «Адыгэ пщыналъ»,«Адыгэ орэдыжьхэр», «Адыгэ псалъэхэр», «Адыгэ IуэрыIуатэ» къыдэкIыгъуэхэр.

Хэкум, адэжь щIыналъэм пэIэщIэу илъэс куэдкIэ псэуа КIубэ Щэбан зыгъэхуабэр абы хуилэжь IуэхуфIхэрт. ИкIи и IэдакъэщIэкI зыбжанэ Адыгейм хуигъэпсащ. И иужьрей лэжьыгъэхэм ящыщщ куэдым фIыуэ ялъэгъуа «Си оред» уэрэдыр. Ар хэкур зыфIэкIуэда, абы пэIэщIэу псэуа Щэбан и гъыбзэу къалъытэ.

КIубэм и щхьэкIэ къемыхъулIар и IэдакъэщIэкIхэм яхузэфIэкIащ - адэжь хэку къагъэзэжауэ щыпсэу къудейкъым, атIэ ахэр адыгэ унагъуэ куэдым щохьэщIэ, икIи зэхыхьэ щIагъуэ къанэркъым ящыщ щамыгъэзащIэу. Абы нэхъ насып сыт щыIэ апхуэдиз илъэскIэ хамэ щIыпIэм зи адыгэгур хуэсакъыу щызыхъума, лъэпкъым хуэлэжьа адыгэлIым дежкIэ?!

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Щхьэж и зэфIэкI иреплъыж

• Лъэпкъ Iуэху

Нобэ ди псэлъэгъущ Краснодар щIыналъэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъут Аскэр.

- «Лъэпкъ Iуэху» жыдоIэ сыт щыгъуи. Хэхэсми хэкурысми зыуэ зезыгъэлъытэж, псори зэзыгъэуIу лъэпкъ гупсысэр сыт хуэдэ, Аскэр?

- Нобэ дэтхэнэ хэгъэгу щыпсэу адыгэми лъэпкъым зэрыщыщыр къыгуроIуэ. Ар ди лъэпкъ гупсысэкIэм и лъабжьэщ. Зы лъэпкъыу дызэрыщытыр ди тхыдэм, хабзэм, бзэм, дуней тетыкIэм къегъэлъагъуэ. Ардыдэр къегъэлъагъуэ дэнэ щыIэ адыгэри ди Хэкужьым зы дыщыхъужыну гугъэшхуэ зэрыдиIэм. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм дадэпсэууэ дунейм дыщикъухьами, Тхьэм и фIыщIэкIэ, Iыхьлы-благъагъэ, жылэ-хэгъэгу Iуэху зэхыхьэ хъуми, нобэ дызэроубыдыф.

Дунейм тет лъэпкъ куэдым ещхьу, дэ пщэрылъуи гугъэуи диIэр зыщ: зыкъэдужьыжынырщ, ди адэжьхэм къащIэна хабзэмрэ бзэмрэ тхъумэнырщ. Абы махуэ къэс дыкъыхуреджэ ди лъэпкъыр здынэса щытыкIэми, дяпэкIэ щIалэгъуалэм къапэщылъ гъащIэми.

Дызэрыт зэманым адыгэхэр зыхуэныкъуэр сыт жыпIэмэ, ар дэтхэнэ хэгъэгуми хуитыныгъэу щыдиIэр лъэпкъым и фейдэкIэ къэдгъэщхьэпэфынырщ. ХэткIи нахуэщ дыщыпсэу щIыналъэхэм зэгурыIуэзэдэIуэжу дыщыпсэумэ, ди дежкIэ абы нэхъыфI зэрыщымыIэр. Иджырей дунейм тынш дыдэкIи уеджэнкъым, бэлыхьышхуэ зытелъ лъэпкъ куэд щыIэщ. Апхуэдэу щытми, гу лъумытапIэ иIэкъым, ипэ зэманым ди щхьэ кърикIуахэм еплъытмэ, нобэрей гъащIэм зэмызэгъыныгъэрэ зэпэщIэувэныгъэу хэтым елъытауэ, ди Iуэхур куэдкIэ зэрынэхъыфIыр.

Дыгъуасэрей дунейм хэгъэгухэм зэгурыIуэну Iэмал ямыгъуэту, идеологие пхэнжхэр щыпхышауэ, залымыгъэм цIыхугъэр щилъахъэу апхуэдэт. А псом къыхэкIыу, дэнэ щыIэ адыгэми пщэрылъу диIэр ди Хэкужьым псори дыщызэрыгъуэтыжын папщIэ тхузэфIэкI тщIэнырщ. Нобэ абы щхьэкIэ Алыхьталэм Iэмалу къыдитар къытхуэгъэсэбэпын хуейщ.

- Адыгэхэм я процент 90-р щыпсэу хэгъэгухэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр щокIуэкI. Къэрал зыбжанэм (Урысейм, Тыркум, Сирием, Иорданием, Германием) куэд къыщохъу. А псори зэхуэзыгъэадэр зыщ: ди адэжьхэм я гъащIэм ещхькъым дяпэкIэ къэхъуну адыгэхэм я дунейр. Абы къыхэкIыу, нобэрей дуней мыгупсэхум дауэ адыгэхэр щызэрыубыдыжа зэрыхъунур?

- Шэч хэлъкъым дыкъэзыухъуреихь дунейм увыIэгъуэ имыIэу зэрызихъуэжым. Нобэрей технологие лъагэхэр, Интернетыр, хьэршым щрагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэр, дыгъуасэ дызыхэта гъащIэм еплъытмэ, шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. Апхуэдэу щытми, иджырей лъэхъэнэр цIыхугъэм нэхърэ, цIыхум бгъэдэлъ Iэмалхэм нэхъ я дунейуэ жыпIэ хъунущ. ИтIани цIыхум гулъытэ хуищIыфын хуейщ зэхэтыкIэ хабзэу зэзышалIэхэм, лъэпкъ, хэгъэгу зыщI щхьэусыгъуэхэм. Абы ипкъ иткIэ уасэшхуэ иIэщ адыгэ лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэ адыгэ хабзэмрэ адыгагъэмрэ.

Адыгагъэр - цIыхугъэщ, акъылщ, гулъытэщ, лIыгъэщ, напэщ, хьэтырщ, гуапагъэщ, псапэ щIэныгъэщ, псэр къэзыхъумэ тхьэфIэщхъуныгъэщ, абы къыхэкIа лъэпкъ гупсысэкIэрэ псэукIэрэщ.

Адыгагъэр - адыгэм фIы езыгъащIэ пщэрылъщ, зэмыплъэкIыжу цIыхухэмрэ лъэпкъымрэ яхуэлэжьэну езыр-езыру Тхьэм и цIэкIэ и пщэ дилъхьэжа къалэнщ. Лъэпкъыр зэзыгъэуIуу цIыхугъэм и лъагапIэм хуэзышэ Iэмалщ ар.

ЦIыхугъэр зи лъабжьэ хабзэ зехьэкIэр ди лъэпкъым езым и гукъыдэжкIэ къыхихащ. ЛIэщIыгъуэ блэкIахэм зэфIэува хабзэм зэхъуэкIыныгъэ гуэр къыхэхъуами, и лъабжьэм зимыхъуэжу къызэтенащ. Илъэс минхэм къапхыкIа цIыхугъэ щапхъэхэмкIэ зэгъэзэхуа хъуа хабзэр зыхэлъ адыгэхэр дыгъуасэ фIэкIа дунейм къытехьауэ щымытамэ, и хъугъуэфIыгъуэхэр нобэрей ныбжьыщIэхэм я деж къэсынтэкъым.

ЩыIэныгъэм и мыхьэнэр, цIыху зэхущытыкIэм, нэхъыжь-нэхъыщIэм, хъулъхугъэ-бзылъхугъэм, унагъуэ гъэпсыкIэм, сабий пIыкIэ-гъэсэкIэм дызэрыхущытымкIэ дэ псоми дакъыщхьэщокI. А псоми зэрыбгъэдыхьапхъэр адыгэхэм куэд щIащ къызэрагъуэтрэ.

Пэжщ, зэрыщытын хуеймрэ зэрыщытымрэ щызэтемыхуэ куэдрэ къохъу, ауэ ар цIыхум къыхих гъуэгум елъытащ. Мы дунейм дахагъэу тетым зритрэ, хьэмэрэ гъащIэм езым здихьымкIэ зригъэхьэхрэ - щхьэж къызэрыхихщ, зэреплъщ. Езы лъэпкъым гъуэгу захуэу илъытэр къигъэнахуакIэщ.

Сэ сызэрегупсысымкIэ, адыгагъэмрэ адыгэ хабзэмрэ я фIыгъэкIэ лъэпкъыр тхьэмыщкIагъэ куэдым къелащ, дунейм цIыхуу тетым цIыхугъэкIэ ябгъэдэтыфу езыхэми пщIэ зыхурагъэщIыфу зэманым къыпхыкIащ.

ЖумыIэми хъунущ адыгэр адыгэу къызэтенэным зи гупсысэ нэмысым, лъэпкъ лъабжьэр гъэбыдэным иужь имытхэм, абы и Iуэхур зэIызыщIэ гъуэгу пхэнж тетхэм яфI лъэпкъым къызэремыкIыр. Зи лъэпкъым уасэ хуэзымыщIым, зыщыщыр къызыфIэмыIуэхум, хабзэ, бзэ зезымыхьэжхэм цIыхухэм зэраныгъэ къыхуахь, пхузэхэмыхыжын хуэдизу лъэпкъ гупсысэкIэр зэхагъэзэрыхь. Сыт хуэдэ дуней тетыкIэ абыхэм къыхуагъэнэнур ныбжьыщIэхэм? Щхъухь ирагъэшхам ещхьу, цIыху ныкъуэхэу дунейм къытенэнухэщ.

- Адыгэ цивилизацэр. Абы и уасэмрэ гъэщIэгъуэну хэлъымрэ. Сыт хуэдэ щIыкIэу къагурыбгъэIуэну ныбжьыщIэхэм - хэхэси хэкуриси - адыгэу укъэнэжыным мыхьэнэуэ иIэр? ИкIи сыт хуэдэ щIыкIэу ар дуней псом и пащхьэ зэритхьэнур, и фIыр зыхащIэн хуэдэу?

- ИщхьэкIи и гугъу сщIащ узэрыгушхуэну ди лъэпкъ щэнхабзэм хэлъхэм. Адыгэхэр дунейм нэхъ лъэпкъыжь дыдэу тетхэм ящыщщ. ЩIэныгъэлIхэм зэралъытэмкIэ, илъэс мини 7-8-кIэ узэIэбэкIыжмэ, Кавказым къыщожьэ ди лъабжьэр. А зэманым щыщIэдзауэ нобэр къыздэсым лъэпкъ куэд дунейм текIуэдыкIащ, щыIами-щымыIами ямыщIэжхэу. Ди насып кърихьэкIри дыкъызэтенащ. Абы дэ нэгъэсауэ къыдгурымыIуэ кууагъ гуэр хэлъ къыщIэкIынщ, пэжыр Тхьэм ещIэ.

Сэ сызэреплъымкIэ, къытщIэхъуэ ныбжьыщIэхэм къагурыдгъэIуэн хуейщ лъэпкъыр хъумэжыныр Тхьэм пщэрылъ къызэрытщищIар: цIыхугъэ лъагэр зи лъабжьэ хабзэ зекIуэкIэ, цIыху зэхэтыкIэу диIэр дригушхуэу тIуэтэн хуейщ, ар ипэкIэ зэрыдгъэкIуэтэнми дыхущIэкъупхъэщ. Ахэр тхузэфIэкIын папщIэ ди Iэмалхэри мыращ: цIыхугъэ, лIыгъэ, щыпкъагъэ, напэ, гущIэгъу, фIырэ псапэрэ, фIэщхъуныгъэ. Ахэращ зытещIыхьауэ щытынур къытпэщылъ тхыдэр. Адыгагъэм тету псэу цIыхур фIы псори зыхэлъ цIыхущ. НэхъыфIым дытетмэ, лъэпкъыр хъумэжынымкIэ ди къалэныр тхуэгъэзащIэмэ, дунейм тет лъэпкъ куэдым дахэшымыпсыхьу дыкъызэтенэнущ.

Сэ сыщогугъ адыгэ щIалэгъуалэм ар пэжу къагурыIуэну. Щхьэж и къалэным и гугъу пщIымэ, дэтхэнэ зыри япэу дызэлIэлIапхъэр ди бынхэрщ. Дызытепсэлъыхь фIыгъуэхэр абыхэм яхэтлъхьэну тхузэфIэкIмэ, иужькIэ псори Iуэху щхьэпэм дыщыгуфIыкIыжынущ. ТIэщIэкIамрэ дызылъэIэсыпхъэмрэ зэхэдгъэкIыу, абы теухуауэ псори дызэдэлэжьапхъэщ.

- Лъэпкъ гупсысэкIэ, щэнхабзэм теухуауэ зылъэмыIэсыф гуэрхэр яIэ адыгэхэм? ЯIэмэ, сыт а лъэныкъуэмкIэ нэхъ зэлIэлIапхъэр?

- Лъэпкъ гупсысэкIэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэнырщ дунейм тет дэтхэнэ зы лъэпкъми и къэкIуэнур зэлъытар. Лъэпкъ гупсысэкIэ зимыIэм дунейм щIытетыр имыщIэу, жьым зрихьэу мэпсэу, псэ Iут къудейуэ. Дэтхэнэ гукъеуэми игу игъэкIуэду, гугъэр IэщIыб ищIарэ щыIэкIэ-псэукIэм хуэхамэу къонэ апхуэдэ цIыхур. ДэшэхыгъуафIэ мэхъури, адрей лъэпкъхэм тыншу хошыпсыхьыж. Ди лъэпкъыр зыгъэкIуэдыжыну щIэхъуэпсхэм апхуэдэ плъапIэхэр къытхуаIэу куэдрэ къебгъэрыкIуащ адыгэ щэнхабзэми, тхыдэми. Кавказым пасэрей цивилизацэ имыIа хуэдэу къагъэлъэгъуэну хэтщ абыхэм нобэми. Адыгэм дунейпсо цивилизацэм хэлъхьэныгъэ хуимыщIа хуэдэу жаIэ. Ди лъэпкъым лIыгъэу зэрихьахэр ягъэмащIэу, хуэмыфащэ къыхужаIэу, лъэпкъ Iэлу, мыгъасэу щыта хуэдэу ягъэхъыбар. Е адыгэм тхыдэм къыщилэжьа пщIэр кIэрагъэхуу, щыщIэныгъэ гуэр далъагъумэ, ягъэбагъуэу апхуэдэхэщ. Ахэр зыщIэхъуэпсыр зыкъэдужьыжын гугъэр тIэщIахыу дыхагъэкIуэдэжынырщ. Ауэ ар абыхэм къехъулIэнукъым, блэкIа лъэхъэнэхэм лъапсэрыхыр къытхуагъэкIуа пэтми, дызэрамыгъэкIуэдыфам хуэдэу.

XX лIэщIыгъуэм академическэ щIэныгъэм кууу зиужьащ, иджыри къэс цIыху цIыкIур зыщымыгъуазэ куэд зэхуахьэсыжащ. Адыгэ тхыдэджхэми, археологхэми, этнографхэми, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэми куэд яхэтщ дунейпсо тхыдэ щIэныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа. Ди нобэрей пщэрылъхэм ящыщщ адыгэм и щIэныгъэм хэдгъэхъуэныр, ипэкIэ дгъэкIуэтэныр. Абы щхьэкIэ ди лъэпкъым и тхыдэм елэжь щIэныгъэлIхэр къетшалIэу, щIэуэ езы щIэныгъэм къыхэхъуэри зэдгъэуIуу къыкIэлъыкIуэ щIэблэм лъэдгъэIэсын хуейщ.

Абы нэхърэ нэхъ мащIэкъым щэнхабзэм ехьэлIа къалэнхэри. ЩIалэгъуалэм, псом хуэмыдэу хэхэсхэм, анэдэлъхубзэ яIурылъкъым. Абы къыхэкIыу, адыгэ тхыдэм теухуа тхыгъэхэми, «Нарт» эпосми, лъэпкъ литературэми щымыгъуазэу къонэ. Пэжщ, езыхэри йолэжь а Iуэхугъуэхэм. Ауэ хэкужьым щекIуэкIым упэIэщIэу жыжьэ укIуэтэнукъым. Мы сызытепсэлъыхьыр гъэсэныгъэм елэжьхэми, лъэпкъ зэгухьэныгъэхэми яхуэгъэзащ. «СщIэнщ» жиIэмэ, хэти и къару зрихьэлIэн игъуэтынущ. Абы къыхэкIыу, XXI лIэщIыгъуэр адыгэхэм я зыужьыжыныгъэм и зэману къэтлъытэн хуейщ. КъыдгурымыIуэу мыхъунур зыщ: зыри къакIуэу ди Iуэху тхузэфIихынукъым.

- Политикэм, щэнхабзэм теухуауэ сыт хуэдэ пщэрылъ зэхуащIыжыр лъэпкъ Iуэху зезыхуэ гупхэм? Ахэр дауэ зэфIэгъэхьа зэрыхъунур?

- ИпэкIэ зэрыжысIащи, иджырей адыгэхэм я къалэн нэхъыщхьэр адыгэу къызэтенэжынырщ, я щэнхабзэр яхъумэжынырщ. Илъэс мин бжыгъэ хъуауэ лъэпкъыбзэ, хабзэ хъуми, лъэпкъым къыдекIуэкIхэр яхъумэнырщ. Дэнэ щIыпIэ щыIэхэми дэIэпыкъуэгъу дахуэхъун хуейщ. Ауэ псом нэхърэ нэхъапэр - адыгэр и Хэкужьым къешэлIэжынырщ, сыту жыпIэмэ, абы лъэпкъым и пщэдейрей махуэр зэрыщыту елъытащ. ТщIэ псоми и мыхьэнэр арац.

Мыбдеж наIуэ къыщохъу хэт и напи: ирецIыху щхьэхуэ, ирецIыху гуп, ирекъэрал къулыкъущIэ. Щхьэж и зэфIэкI иреплъыж: унагъуэ дапщэ хэкум къишэжа, щигъэгупсэхужа, нэрыбгэ дапщэм ядэIэпыкъуа? ИтIанэ хэти ищIар IупщIу илъагъужынщ.

Мы зи гугъу сщIыхэм лъэпкъыр зэкъуэзыч щхьэусыгъуэу щыIэхэри хохьэ. Гуп щхьэхуэхэр щыIэщ хэкум ягу иримыхьын гуэр щалъагъумэ, ущIэкIуэжын щыIэкъым жаIэу. Апхуэдэ дыдэу, Хэкужьым къэкIуэжахэр, хэхэсхэр зыубхэри мащIэкъым. Зы лъэныкъуэкIэ, Кавказым щыIэ лъэпкъ зэгухьэныгъэхэр къэралым еубзэ зэпыту, адыгэ Iуэху зэрамыхуэу ягъэIу. Мыдрейхэми «хэхэсхэр адыгэжкъым, ахэр хьэрып, тырку хъуакIэщ, Кавказым къыхуеижкъым» жаIэ. А лъэныкъуитIми уедаIуэ зэрымыхъунур гурыIуэгъуэщ.

Хэхэс адыгэхэм я къарур щIэзыхыр хэкум икIыу абыхэм я деж хъыбар нэпцIхэр зэрыкIуэрщ. Апхуэдэ дыдэу зэраныгъэ къешэ хэкум къахь псалъэмакъ мыщхьэпэхэми. Хэкум къэкIуэну, къэплъэну щIэхъуэпс ныбжьыщIэхэм я мурадхэр апхуэдэ хъыбар нэпцIхэм ялъахъэ.

А псор зэрымыщIэкIэ къэхъу гуэру щыткъым. Адыгэр зыдэпсэу лъэпкъхэм яхэшыпсыхьыжмэ нэхъ къэзыщтэхэр зэрыщыIэр наIуэщ. Апхуэдэ дыдэу Iыхьлыгъэ-благъагъкIэ зэпыщIахэм я зэхуаку дэлъ лъэмыжхэр якъутэным хущIэкъухэри гъунэжщ. Сыт хуэдэ щхьэусыгъуэ къагъуэтми, ди лъэпкъым хэлъ зэкъуэшыныгъэмрэ зэпыщIэныгъэхэмрэ зэпауду езы адыгэри хагъэкIуэдэжынырщ абыхэм я плъапIэр.

Ди гуращэхэр къыдэхъулIэн папщIэ, лъэпкъ гупсысэкIэм дытетын хуейщ. Адыгэ псалъэжьым жеIэ: «ФIы щIэи псым хэдзэ». Абы тету, дызэмыплъэкIыжу, щхьэж хузыфIэкIымкIэ лъэпкъ Iуэхум дыхэувэу ипэкIэ дгъэкIуэтэным дыхущIэкъупхъэщ. Нэхъыбэ къыдэхъулIэху, лъэпкъыр зыщIэхъуэпс гъащIэми нэхъ гъунэгъу дыхуэхъунущ. Тхьэм ди псэм и къарур къытпэщылъ къалэнхэр дгъэзэщIэным пигъэлъэщ!

Епсэлъар **ХЬЭПЦIЭ Iэминатщ.**

КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Котляровхэ Мариерэ Викторрэ

2019 гъэм КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и Къэрал саугъэтыр зратахэм ящыщщ тхакIуэ-публицистхэу, илъэс тIощIым щIигъуауэ унэй тхылъ тедзапIэ зыгъэлажьэ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ.

Нобэ «Котляровхэ я тхылъ тедзапIэкIэ» зэджэ IуэхущIапIэм къыщыдагъэкIа тхылъ бжыгъэр миным щхьэдох. Ауэ щыхъукIэ, илъэс тIощIым и кIуэцIкIэ я лэжьакIуэ бжыгъэм зихъуэжакъым - ахэр зэрыхъур цIыхуитху къудейщ. Зихъуэжакъым IуэхущIапIэм къыхиха унэтIыныгъэми: абы къыщыдагъэкIыр Кавказым теухуа тхылъхэрщ.

«ЩЭНХАБЗЭ Iуэху зезыхуэм тхылъым и гупэр хуимыгъазэу хъунукъым, - наIуэ къещI Котляров Виктор лэжьыгъэм теухуа и гупсысэхэр. - Ар цIыху цIыкIур дунейм зэрытетрэ зэригъэпэща мылъкушхуэщ. Тхылъым блэкIари ехъумэ, узэрыт зэманым и нэщэнэхэри къыуегъащIэ, къэкIуэнуми гурыгъуазэ узыншэкIэ ухегъаплъэ.

НэгъуэщI Iуэхущ иджыпсту тхылъым бгъэдэлъ гъэсэныгъэ къарур телевидэнэмрэ Интернетымрэ зэрыIэщIахар. Ауэ щыхъукIэ, щIэныгъэ нэхъ куу къэзылъыхъуэхэм тхылъым нэхъ быдэжу зыпащIащ. А лъэныкъуэмкIэ убгъэдыхьэмэ, цIыхур балигъыпIэ иувэн, щыпсэу щIыналъэм и хэкупсэ хъун, дунейри пэжу къыгурыIуэн папщIэ, тхылъым къытехуэ пщэрылъыр нэхъ цIыкIу хъуакъым.

Илъэс 27-м фIэкIащ дэ тхылъ сатум дызэрыхэтрэ. Ауэ гъуэгу дызэрытеувэрэ, Кавказым теухуауэ тхылъ къыдэгъэкIын мурадым дытебэкъукIакъым. ТегъэщIапIэ нэхъ тщIари щIэныгъэлIхэм я IэдакъэщIэкIхэрщ, блэкIа жыжьэм къыхэна архив тхыгъэхэрщ, тхыдэмрэ лъэпкъ щхьэхуэмрэ ятеухуауэ ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэрщ. Абы и фIыгъэкIэ, щIалэгъуалэм Урысейм ис лъэпкъ къэс пщIэ хуищIу, дэтхэнэми и хьэтыр илъагъуу къотэдж.

Тхылъ гуп-гуп къыдэкIахэр куэд мэхъу. Псалъэм папщIэ: «Кавказ», «Народы Кавказа: страницы прошлого», «Народы Кавказа: этнос, экскурс, орография в текстах и документах», «Возвращение». Псори зэхэту ахэр тхылъ 300-м ноблагъэ. Ахэр пасэ зэманым къыдэкIа тхылъыжь къэгъэщIэрэщIэжа къудейуэ щыткъым. Абыхэм яхэтщ япэу хамэ къэралыбзэм кърахахэри. Псалъэм папщIэ: «Культы. Легенды. Предания», «Племена. Нравы. Язык», «Закон и обычай», «Заповедник мировой истории», «Край гордой красоты», «Адаты горских народов», «Женское пространство», къинэмыщIхэр. Апхуэдэ къыдэкIыгъуэхэм я фIыгъэкIэ Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэр зэроцIыху, зым адрейм пщIэ хуищIу зрегъасэ, я щэнхабзэм, дуней тетыкIэм щыгъуазэ мэхъу. КъезбжэкIа псори тхылъ тедзапIэм езым и мылъкукIэ, и лэжьакIуэхэм я лэжьыгъэ ирихьэлIэурэщ къызэрыдигъэкIыр. Ар тынш дыдэуи пхужыIэнукъым. Ди Iуэху хэмылъыххэу, блэкIа жыжьэм къыхэувэ дунеяплъэм е щIэныгъэлIым я лъэпкъым хуамыгъэфащэ гуэр къыжьэдэкIауэ къыщIэкIмэ, абы и хьэлъэр ди IуэхущIапIэм къытохуэ, къыдэбгъэрыкIуапэхэр къахэкIыу. Дызэрылажьэ мылъкум и гугъу пщIымэ, ехьэкIкъехьэкI хэмылъу жыдоIэ, апхуэдиз илъэсым дэ къэралым къыбгъэдэкIыу сом къызэрытIэрымыхьар.

Мыхьэнэшхуэ щеубыд ди лэжьыгъэм Урыс-Кавказ зауэм теухуа тхылъхэр къызэрыдэдгъэкIми. ЩIэупщIэ щыIэщ: лъыпсыр къызыпыж напэкIуэцIхэр къэбгъэщIэрэщIэжыныр захуагъэ?

Абы теухуауэ Рерих Николай и псалъэ шэрыуэ сигу къокIыж. «БлэкIам и гъуэгуанэ псори щIэрыщIэу пкIужыфынукъым, - жиIэрт абы, - ауэ ублэкIыну Iэмал зыхуумыгъуэтын гуэрхэр щыIэщ». Псом хуэмыдэу ар щыIэмалыншэщ зы лъэныкъуэм уедаIуэкIэ гурыIуэгъуэ мыхъуну, лъэпкъ псо зыхэкIуэда гузэвэгъуэхэм, къэралыгъуэмрэ цIыху щхьэхуэмрэ я гукъыдэжхэр щызэпэщIэува лъэпощхьэпохэм.

Тхылъыр цIыхухэм зэрамыщIэщыгъуэжыр щIыпIэ пхыдзахэм нэхъ IупщIу щыболъагъу, щыхьэрышхуэхэм нэхърэ. Ауэ щIэныгъэ зэгъэгъуэтыныр тынш пщызыщI IэмэпсымэхэмЗ нэхъ зыщиубгъу къалэшхуэхэмрэ тхылъыр хуиту щамыгъуэт къуажэ, къалэ цIыкIухэмрэ зэпыдмыщIэу хъунукъым.

Нобэ дэ лъэпкъ Iуэхум теухуа тхылъхэмкIэ дызэщIэузэдэпауэ пхужыIэнущ. Ауэ ахэр ди щIыпIэм зэридгъэIэпхъукIын Iэмалхэр зэдмыгъэпэщу хъунукъым, Кавказ Ищхъэрэм къыщыдэкI тхылъ псори щызэблэкI IуэхущIапIэхэри диIапхъэщ. Къэралыр къыддэмыIэпыкъууи ди тхылъ тедзапIэм къыщыдэкI тхылъхэр Мэзкуу хуэдэ къалэшхуэхэм едгъэшэныр дэр-дэру зэдгъэхъулIэфыркъым. Кавказ Ищхъэрэм тхылъ къыщыдэзыгъэкIхэм псоми ар ди зэхуэдэ гукъеуэщ. Кавказым ис лъэпкъхэм я блэкIар дымыджмэ, зэщхьу тхэлъыр, зыр адрейм дежкIэ щIэщыгъуэ дызыщI зэщхьэщыкIыныгъэ гъэщIэгъуэнхэр къытхуэщIэнукъым.

Кавказ Ищхъэрэр фIым хуэунэтIа щIыналъэ мамыру зэрыщытыр Урысей псом я фIэщ тщIын папщIэ, щIыналъэм и блэкIами и нобэми теухуауэ тхылъ щхьэхуэхэр къыдэдгъэкIыпхъэщ. Ар щIэуэ зэгъэпэщын хуей гуэруи щыткъым, дызэлэжьыни утыку итхьэни ди куэдщ. Дызыхуэчэмыр къэралым къыддиIыгъынырщ. Ар къыдэхъулIэмэ, зэман кIэщIым лъэпкъ зэпэщIэувэныгъэхэм даIэщIэкIыну Iэмал къытхуэгъуэтынущ. А лэжьыгъэм ехьэлIауэ къыдэбгъэкI хъунущ буклетхэр, брошюрэхэр, лъэпкъхэм я блэкIахэр къызэрыщ сурэт дамыгъэхэр.

Ди IуэхущIапIэр псоми къацIыхуащ къалэн зыхуэтщIыжыр нэгъэсауэ зэрыдгъэзащIэмкIэ. Урысейм тхылъ къыдэгъэкIын IуэхукIэ щызэхыхьэ зэхуэсхэм мызэ-мытIэу ди фIыщIэ къыщыхагъэщащ. Псалъэм папщIэ, УФ-м нэхъыфI дыдэу къыщыдэкIа фотоальбомхэм хагъэхьащ «Кабардино-Балкария: Заповедная страна», «Черкесы; воины и мастера» тхылъхэр, тхылъищу зэхэт «Казаки» къыдэкIыгъуэр, тхылъитIу зэхэт «Старый Нальчик», «Старый новый Нальчик» тхылъхэр. Иужьрейр 2017 гъэм «Урысей щIыналъэхэм къыщыдэкIа тхылъ нэхъыфI дыдэ» унэтIыныгъэм щытекIуащ.

Гуращэм ещхьу зетхьэ проектхэм язщ ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа «Черкесы; воины и мастера» зыфIэтща тхылъ гупыр. Абы илъэс бжыгъэ тедгъэкIуэдащ, щIыналъэм ит музейхэм, Тыркумрэ Урысеймрэ нэрыбгэ щхьэхуэхэм щаIэ унэй архивхэм сурэт Iэджэ щытетхащ ар зэдгъэпэщын папщIэ. Дэ ди мурадт абы Iэщэр, хьэкъущыкъухэр, щыгъынхэр, цIугъэнэхэр, лъэпкъыр адрейхэм къахэзыгъэщ хьэпшып щIэщыгъуэхэр къыщыдгъэлъэгъуэну. ЛIэщIыгъуэ бжыгъэкIэ зэхуахьэса хьэпшыпхэм я теплъэхэр дызэрыхуей дыдэм хуэдэу тхылъеджэм и пащхьэ итлъхьэфащ. Гу лъытапхъэщ апхуэдиз зэманкIэ зэрагъэпэща, адыгэ IэпэIэсэхэм я IэдакъэщIэкIхэр къыщыдгъэлъагъуэкIэ, ар зей лъэпкъри зэрыщыт дыдэм хуэдэу нэгум къызэрыщIэувэм».

Котляровхэ я тхылъ тедзапIэм хужаIахэр

«КОТЛЯРОВХЭ мурад зыхуащIыжащ: Урысейми дуней псоми Кавказ Ищхъэрэм и щэхухэр къыхузэIуахыну. Ар я плъапIэу, гулъытэр кавказ лъэпкъхэм я тхыдэм, этнографием, орографием траухуащ. Абы зэрытеIэбэфам и лъэныкъуэкIэ зэщхьэгъусэхэм яхузэфIэкIам «тхыдэм къыщыхъуа щапхъэ» умыбэлэрыгъыу хужыпIэфынущ».

АЛИЕВЭ Светланэ,
филологие щIэныгъэхэм я кандидат.
Мэзкуу

* * *

«КОТЛЯРОВХЭ къыдагъэкIа «Кавказ» тхылъ гупым тхыдэм щыщу ящыгъупщэжа напэкIуэцI куэд утыку къыщрахьэжащ. Совет тхыдэм зэIищIахэр текIуэту, щхьэж блэкIар зыхуей лъэныкъуэмкIэ щишэ лъэхъэнэм, пасэрей фIащу тхыгъэжьхэр традзэныр Iуэху ехьэжьа щыхъум, абыхэм зэманым и нэщэнэр къапхъуатэри, тхылъеджэр зыхуэзэша, пщIэ зыхуэфащэ тхыдэ лэжьыгъэхэр утыку кърахьащ».

ДУДАРЕВ Сергей,
тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор.
Армавир

* * *

«КОТЛЯРОВ зэщхьэгъусэхэм илъэс тIощIым щIигъуауэ тхылъ къыдагъэкI. Ахэращ къытхузэIузыхар ЩIы хъурейм и Iыхьэу зыми емыщхь Кавказыр, щIэщыгъуэ куэд зыхъумэр. Ущыгугъ хъунущ а щIыпIэм и тхыдэр къызыфIэIуэхухэм абыхэм я лэжьыгъэр къабыл ящIыну».

КАРПОВ Юрий,
тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор.
Санкт-Петербург

* * *

«КАВКАЗЫМ и тхыдэр къыпхузэщIэубыдэнукъым, ауэ Котляров зэщхьэгъусэхэу Викторрэ Мариерэ абы и псэ мыкIуэдыжынур къацIыхуфащ. Жданов Юрий зэрыжиIам ещхьу, Евразием и псэу щыт а щIыналъэр езыхэм фIыуэ ялъэгъуащ, хьэщIэхэми къэхутакIуэхэми къыхузэIуахащ».

ЧЕРНОУС Виктор,
политикэ щIэныгъэхэм я кандидат.
Дон Iус Ростов

Зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Нэрымылъагъу дунейм и сурэтхэр

Ткаченко Андрей и цІэр зезыхьэ Сурэтыщ гъуэзджэхэмкІэ музейм мы махуэхэм къыщызэІуахащ Урысейм и Сурэтыщхэм я зэгухьэныгъэм хэт Марченко Владимир и Іэдакъэщіэкіэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. Къыхэзгъэщіпхъэщ а Іуэхур абы и ныбжьыр илъэс 60, сурэт щіыным иріржьэн зэрыщідзэрэ илъэс 40 зэрыриІуэн зэрыхуэгъэпсар.

МУЗЕЙМ и пэшхэм щыплъагъур дызэсэжа сурэт щІыным пэжыжьэт - сюррреализм унэтІныныгъэм тету лажьэ Владимир тельыджэ куэд ди пащхьэ кьрелъхьэ. Сурэтхэм къатещыр цІыху щхьэхуэ, удз дахэ е пхъэщхьэмыщхьэ тельыджэкъым, атІэ философие куу зиІэж, гупсысэ пыуухькІа къэзыІуатэ теплъэгъуэ, уи къухьыр пфІезышажьэ образщ.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Карчаевэ Іэминат** зэІущІэр къыщыдзэІуихым къыхигъэщащ Марченкэ и Іэдакъэщіэкіэхэм къызэрымыкІуэу уэрэтхэкъэр, ар ди республикэм и сурэтыщІ нэхъыфІхэм ящыщу къызэрилъэтэр.

- Марченкэ Владимир творческэ дунейм зи гъуэгу щыпхъышыжь, гупсысэ щхьэхуэ зиІэж зырызхэм ящыщщ. Нэрымылъагъу дунейм и ІэдакъэщіэкіэхэмкІэ нэІуасэ дахуещІ абы, ар дэ дыдэмыса, щІэщыгъуэ гъэрщ, - жиІащ Карчаевэм.

КъБР-м и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Темыркъан Геннадий** юбилярым ехъуэхъури, гъэлъэгъуэныгъэр икъукІэ гъэщІэгъуэн хъуэуэ къызэрилъытэр жиІащ. Апхуэдэуи, абы къызэхуэсахэм яхуиІуэтащ Марченкэ сабийхэми зэрыдалажьэр, икІи къызэрымыкІуэу къаруушхуэ зэратригъэкІуадэр.

- Нэхъыщхьэращи, абы сабийхэр гъуазджэм и дунейм дрегъэхьэх. Творческэ дуней плъыфабэ зиІэ Марченкэ Владимир иджыри илъэс куэдкІэ и ІэдакъэщіэкіэхэмкІэ дигъэгуфІэну, ар щылажьэ унэтІныныгъэм къигъэхъуапІощІэкэр кьыщигъэтыну сохьуэхъу, - жиІащ Темыркъаным.

Сурэтыщі **Джавадов Аслъэн** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ и ныбжьэгъум и Іэдакъэщіэкіэхэм защимыгъэнщІу зэреплъыр.

- Владимир езым и бзэ теІыдзж иІэжщ. Ар зэрысурэтыщІ гъуэзджэм хуэдэу икІи цІыху хьэлэмэтщ, ныбжьэгъуфІщ.

Джавадовым и псалъэхэм я кІэухыу Марченкэ Владимир и анэм хуэгъэпсаУ псалъэ гуапэкэр жиІэри, къуэм и гъэлъэгъуэныгъэмкІэ абы ехъуэхъащ.

Марченкэ а махуэм псалъэ гуапэ хужьыІахэм ящыщщ **Ерчэн Исуфи**.

Езы Владимир дызэрыщигъэгъуэзамкІэ, и лэжьыгъэхэр гъуазджэм и гъэунэхуэныгъэ унэтІныныгъэ къелъытэ. Абы жеІэ иджыпсту апхуэдэ сурэтхэм я щІэупщІэр мащІэми, къэкІуэну зэманым гъуэгу яГуэтыну зэрыщыгугъыр. «Дуней зызыужьым сыт щыгъуи щІэ гъэр кьелъыхьуэ - мыр гъуэзджэм и ІэрабакъуэщІэщ», - къыддогуащэ Исуф и гупсысэмкІэ.

Марченкэ Владимир иригъаджэ сабийхэр зэІущІэм и кІэухым кьеХъуэхъури, удз гъэгъа Іэпплакіуэхэр ципратащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Зэрэгъыж къуажэм и щІыпІэцІэхэм я лъагъуэм тету

Льахэхутэхэу Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхьилъ тедзапІэм иджыблагъэ къыщыдэкІащ щІэныгъэхэм я кандидат, фермеру лажьэ Къалмыкъ Эдуард и «Топонимика селения Зарагиж и прилегающих территорий» тхылъыр.

- ТОПОНИМИКЭР - щІыпІэцІэхэр зыдж щІэныгъэщ, - жеІэ тхылъ тедзапІэм и редактор нэхъыщхьэ Котляров Виктор. - Абыхэм куэд къызэщІаубыдэ. Языныкъуэхэр псом я дежкІи гурыІуэгъуэщ, ауэ нэхъыбэм щыгъуаззр а щІынальэм щыпсэухэрщ. Зи фІэщыгъэцІэ зиІэжыр бгъэхэмэ псыхъуэхэмэ, псыежэхэхэмэ ауэхэмэ я закъуэкъым, атІэ географие картэм къыщыхьа, щыхъбэм ягу къинэжа нэгъуэщІ объектхэми яІэщ: губгъуэхэмрэ тафэхэмрэ, псынэхэмрэ псыежэхэхэмрэ, псыкІантІэхэмрэ мэзхэмрэ, хупІэхэмрэ къуэкІийхэмрэ, мащІэхэмрэ Іуащъхьэхэмрэ. Илъэс щэ бжыгъэкІэрэ а щІыпІэцІэхэр къэунэхуащ, абыхэм ящыщ куэд, псом хуэмыдэу тхыгъэхэм щыщІэмыгъэбыдэжаХэр, ящыгъупщэжащ. Блэкіа зэманым щыІа щІыпІэцІэхэм ящыщ куэд щІыхубэм ягу къинэжащ, арщхьэкІэ, я тхьдэм щыгъуаззр мащІэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Шэрэдж районым хыхьэ Зэрэгъыж къуажэм и щІыпІэцІэхэм ятеухуауэ щыІэ щыщІэныгъэхэр игъэзэкІуэжыну иужь ихьащ абы къыщалъхуа, щыпсэу, щылажьэ икІи и жьлэм и Іэгъуэблагъэхэмрэ щыпсэухэмрэ фІыуэ зыщІыху Къалмыкъ Эдуард. Абы и Іэдакъэ къыщІэкІащ мэкъумэш хозяйствэм и Іуэху зэІуамбзхэм теухуа щІэныгъэ лэжьыгъэ пщІы бжыгъэкІэр.

Езыр фІыуэ зыщыгъуазэ щыпІэцІэхэм ящыщ куэд языныкъуэхэм, къуажэдэсхэри хьыхьу, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэм къаззрыгурымыІуэм гу щыпытэм, ахэр къитІэщІыжу зэхуихьэсыжыну, я мыхьэнэр гурыІуэгъуэ ищІыну мурад ищІащ. Зи ужь ихьа Іуэхур зэ еплъыгъуэкІэ къызэрыпщыхъум хуэдэу ізмаЩхьэ ІэшынтэкъыМ, щыпІэцІэ куэдым я япэ мыхьэнэм апхуэдизкІэ къыТекІати, зэрэгъыжДэсхэм абыхэм ар нэгъуэщІу къащыгурыІуэ щІыІэт.

ЩІыпІэцІэхэр къэхутэжыным ехьэлІа и лэжьыгъэм щыпэрытым, Къалмыкъ Эдуард щІэщыгъуэ, гъэщІэгъуэн Іэджэм ирихьэлІащ. Тхылъым абы къыщигъэпсэужащ зэрэгъыжДэс дзтхэнэми пэгъунэгъу щІыпІэхэр. Гурыїуэгъуэ мэхъу губгъуэхэм, къуэкІийхэм, щыхупІэхэм, мэкъумэш щІапІэхэм, Іуащъхьэхэм я цІэхэр къызытехуькІар.

Илъэс мин бжыгъэкІэ узэІэбэкІыжмэ, тхьдэ напэкІуэцІэхэм ягъэпщкІуа къэхьугъэжи ушъэІэсынымкІэ мы лэжьыгъэр щхьэпэщ. Къэбгъэпльагъуэмэ, «Иныжьыкхъэ» щІыпІэм сыт хуэдэ щэху ихьумэр? Пэж дыдэу къызэрыгуэкІ цІыхухэм я инагъкІэ къащхьэщыкІыу пІэрэ абдеж щыщІалъхьэжкаХэр? «Иныжьыкхъэ» цІэр зезыхьэ щІыпІэцІэхэм нэгъуэщІ щІынальэхэмки ущрохьэлІэ. Апхуэдэхэщ Сэрмакъ, Альтуд къуажэхэр. Зэрэгъыжьыкхъэми дунейм щІэ гуэр къыщІитхуэзІуихмэ-щэ? Псалъэм папщІэ, тхыдэ щІэныгъэм артефакт гъэщІэгъуэнхэр къыхуэзыхьауэ щыта, 1996 гъэм ГЭС ухуэныгъэм ирихьэлІэу къахута «Къалмыкъ» къалэшхуэм хуэдэу: дыщэ, домбеякъ Іэмэпсымэхэр, ятІагъуэм къыхущІыкІа хьэкъущыкъухэр, таж папцІэхэр. А Іэмэпсымэхэр иджыпсту Пушкин Александр и цІэр зезыхьэ Урыс музейм щахъумэ «Зэрэгъыж къуажэм и хъугъуэфІыгъуэ» цІэм щІэту.

Къалмыкъ Эдуард и лэжьыгъэм еджэ Іэщіагъэлізхэм щыщІэныгъэ, щыхьэт зимыІэ Іуэху еплъыкІэ гуэрхэри къыщагъэтынкІи щыгъуэ, ауэ, зэрыжаІэщи, щыгъэ зымыщІэр зыри зымылэжьырщ. Нэхъыщхьэращи, и къару къызэрихьІэ абы Зэрэгъыж къуажэм къыдэкІахэр сыт щыгъуи зыхуэныкъуэну щІыпІэцІэхэм ехьэлІа лэжьыгъэ ищІащ.

Котляров Виктор игу къеГъэкІыж Іэпщащэ лъэпкъым теууа «Крепкое запястье» тхылъыр зи Іэдакъэ къыщІэкІа ухуакІуэ Іэпщащэ Вадим. Илъэсийкіэ а лэжьыгъэм и ужь итащ ар, цІыху пщІы бжыгъэхэм яІущащ, архивым куэдрэ щылэжьащ а тхылъыр кьыдигъэкІын папщІэ.

- Зэпэмыжьжьэу псэу, ауэ зэрымыцІыху а цІыхухтІыр зэкъуеГъуэв щалъхуа щыналъэмрэ абы и цІыхухэмрэ фІыуэ зэралъагъуМкІэ, пщІэ зэрыхуащІымкІэ. Къалмыкъ Эдуардри Іэпщащэ Вадими фІыуэ къагуроІуэ: цІыхум къыщІэнэнэр зэхуихьэсаракъым, къыщхуаракъым, атІэ нэгъуэщІхэм зэрадэгуэшаращ, яхуилажьаращ, - жеІэ Котляров Виктор.

БЖЬЫХЬЭЛІ Розэ.

ЛыфІ хъунур сабий щІыкІу щІыкІэ къыбощІэ

● Щапхъэ

Щомахуэ Аскэр я кум дэтщ.

Хэкум и хъумакІуэм и махуэм нэхъ гъунэгъуу фэзгъэщІыхуну сыхуейт, а къалэным зэрыпэрыувэрэ куэд мыщІами, и къулыкъур ехъулІэу езыхьэкІ адыгэ щІалэ Щомахуэ Аскэр.

АСКЭР Джылахъстэнэм хыхьэ Инарыкъуей къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапІэр ехъулІэныгъэ иІэу я кІуэха иужькІэ 2009 гъэм ар щІэтІысхьащ Жуковым и щІэр зэрихьэу УФ-м и Лъэпкъ гвардием и институту Саратов дэтым. КъыхэгъэщыпхъэщІ, курыт еджапІэм щыщІэсми, Аскэр сыт хуэдэ Іуэхуми хуэжьджэру, зыхэтым фІыкІэ кьахэщу зэрыщытар. Ар хабзэ дахэ зыхуэгу кьинэжащ, арщхьэкІэ, я тхьдэм щыгъуаззр мащІэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Шэрэдж районым хыхьэ Зэрэгъыж къуажэм и щІыпІэцІэхэм ятеухуауэ щыІэ щыщІэныгъэхэр игъэзэкІуэжыну иужь ихьащ абы къыщалъхуа, щыпсэу, щылажьэ икІи и жьлэм и Іэгъуэблагъэхэмрэ щыпсэухэмрэ фІыуэ зыщІыху Къалмыкъ Эдуард. Абы и Іэдакъэ къыщІэкІащ мэкъумэш хозяйствэм и Іуэху зэІуамбзхэм теухуа щІэныгъэ лэжьыгъэ пщІы бжыгъэкІэр.

Езыр фІыуэ зыщыгъуазэ щыпІэцІэхэм ящыщ куэд языныкъуэхэм, къуажэдэсхэри хьыхьу, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэм къаззрыгурымыІуэм гу щыпытэм, ахэр къитІэщІыжу зэхуихьэсыжыну, я мыхьэнэр гурыІуэгъуэ ищІыну мурад ищІащ. Зи ужь ихьа Іуэхур зэ еплъыгъуэкІэ къызэрыпщыхъум хуэдэу ізмаЩхьэ ІэшынтэкъыМ, щыпІэцІэ куэдым я япэ мыхьэнэм апхуэдизкІэ къыТекІати, зэрэгъыжДэсхэм абыхэм ар нэгъуэщІу къащыгурыІуэ щІыІэт.

ЩІыпІэцІэхэр къэхутэжыным ехьэлІа и лэжьыгъэм щыпэрытым, Къалмыкъ илъэсым Аскэр комендант ротэм и командир хъуащ. Щеджэ зэманми, лэжьэн щІидза иужькІи абы фІыщІэ, щытхъу тхылъэр мымащІэу къыхуагъэфэщащ. «25 лет образования техники и вооружения Приволжского округа» медалыр къратащ.

Нэгъабэ Аскэр капитан хъуащ. Ар къэлэжьыным гугъуехьрэ къарууэ текІуэдар зихуэдизыр зыщІэр абы и закъуэщ, ауэ хэт и дежкІи Іупщщ щІалэм кьыхиха ІэнатІэм гурэ псэкІэ зэрыбгъэдэтыр.

«ЛыфІ хъунур сабий щІыкІэ кьыбощІэ», - жеІэ псалъэжьым. Апхуэдэщ Щомахуэхэ я щІалэри. Зэрыцікіурэ «дадэкъуапІ» зыхужаІэхэм хуэдэу, Іущыщэрэ хабзэщхуэ хэлъу къэтэджащ Аскэр. Ар куэдкІэ я фІыгъэщ къыщыхъуа унагъуэ дахэм. Къуажэм фІыуэ къыщащІыху, пщІэ ин щыхуащІ абы и адэшхуэ-анэшхуэ Щомахуэхэ Тыбийрэ Жэнярэ. Аскэр и адэ-анэхэу Асльэнрэ Марьянэрэ гуапагъэрэ цІыхугъуэ ябгъэдэлъыр зэ зыльэгъуам Іэфіу игу къиныжьыкІэ Іэмал иІэкъым. УщыщыгуфыкІынщ ешы Аскэр зэриГъэпэща и унагъуэ дахэ цІыкІури.

Хэкум и хъумакІуэм и махуэхэм, сынохъыхъу, Аскэр! Уефэкіэуну, уи ехъулІэныгъэ нэхъыбэ хъуну, уи нэхъыжьыфІхэм я жьауэм ущІэту, абыхэм я пщІэр бгъэбагъуэу упсэуну ди гуапэщ!

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

Хабзэхъумэ хэкІуэдахэм я щІыхькІэ

● Бахъсэн

Хэкум и хъумакІуэм и махуэм ирихьэлІэу Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм щекІуэкІащ илъэс зэмылІэужьыгъуэхэм я къалэн агъэзащІэу эхкІуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъ Іуэхугъуэ.

КЪЫДЭКІУЭТЕЙ щІэблэм Хэкур фІыуэ ялъагъуу, хабзэ яхэлъу къэгъэтэджыным хуэщІа Іуэхум хэтащ Бахъсэн къалэм дэт прогимназие №95-м и япэ, етІуанэ классхэм щеджэхэр, Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм балигъ мыхъуахэм я Іуэхуэмкіэ и Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр, Жылагъуэ советым и лыкІуэхэр.

Полицейхэр тепсэлъыхьащ мамырыгъэмрэ хабзэмрэ зи ГъащІэр щІэзыта хабзэхъумэхэм зэрахьа лІыгъэм.

Къызэхуэсахэм мемориалым удз гъэгъахэр тралъхьэри, хэкІуэдахэм я фэеплъым пщІэ хуащІу дакъикъкІэ щымащ.

УЭРДОКЪУЭ Ланэ.

«ЛІыгъэхэм я фэеплъ» дерс

Къэбэрдей-Балъкъэрым и полицейхэм ирагъэкІуэкІ «ЛІыгъэхэм я фэеплъ» дерсхэр. Ар тещІыкІащ Хэкум и хъумакІуэм и махуэмрэ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ зэрырикъумрэ.

КЪУТЩІЭХЪУЭ щІэблэм папщІэ Іуэху щхьэпэм КЪБР-м и Май районым щыпащащ ветерانхэм, тхыдэджэхэмрэ жьлагъуэ лыкІуэхэмрэ.

Урысей МВД-м Май районымкІэ и къудамэм и Іэжьакіуэхэм Хэкум и хъумакІуэм и махуэм ирихьэлІэу щІыналъэм и еджапІэхэм я школакІуэхэм ирагъэблагъащ Ветерانхэм я советым и хэщІапІэм кьыщызэрагъэпэща «ЛІыгъэхэм я фэеплъ» дерсым.

ШколакІуэхэм я пащхьэм къыщыпсэлъахэщ Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ къудамэмрэ къэрал кІуэцІыдзэхэмрэ я Ветерانхэм и советым и тхьэмадэ **Зайченкэ Александр**, Хэку зауэшхуэм и ветеран **Дегтяренкэ Василий**, Май районым и тхьдэ-лъахэхутэ музейм и унафэщІ **Фёдоровэ Еленэ**, Хэку зауэшхуэм и Ветерانхэм я советым и тхьэмадэ **Полиенкэ Ольгэ**, жылагъуэ лэжьакІуэ жьыджэр Коломиц Виктор, къудамэм и Жылагъуэ советым хэт **Пуртовэ Юлие** сымэ.

Дегтяренкэ Василий тепсэлъыхьащ зауэм, и ныбжьэгъуэм, фронтым кІуа и лъахэгъуэм я лІыгъэмрэ лІыхъужьыгъэмрэ, апхуэдэуи мамыр зэманым я къалэн яГъэзащІэу эхкІуэдахэм.

ХьэщІэхэм ныбжьыщІэхэр хагъэгъуэзащ хабзэхъумэ органхэм къулыкъу щащІэн, полицейхэм яхьыхэн папщІэ яхэлъын хуей зэрыкІэхэм, кьыхураджащ я адэшхуэхэм я лІыгъэхэм я фэеплъыр яхъумэну, я къэралым хуэфащэ цІыху нэсу щытыну.

ЗэІущІэм и кІэухым школакІуэхэм хьэщІэхэм фІыщІэ хуащІащ икІи ехъулІэныгъэ Хэкум и хъумакІуэм и махуэмкІэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

КІэух джэгуГъуэращ псори зыгъэбелджылынур

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатыр иухыным зы джэгуГъуэ закъуэ хэзнэжауэ аращ. Абы щыгъуэми иджыри зыри белджылыкъым: чемпионыгъэр зыІэрыхьэнури, гуп нэхъыщхьэр зыбгынэнури, нэгъуэщІ куэди. А псори щызэхэкІынур дызыхуэкІуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэщ.

ГУП нэхъыщхьэм къыхэнэн папщІэ бэнэныгъэ гуащІэ езыГъэкІуэкІ Къэрэгъэш и «Инал»-м къару лей тримыгъэкІуадэмэ нэхъ кьищтауэ къыщІэкІынуц, армырами зэрыпэмылъэщынур гурыІуэгъуэ «Автозапчасть»-м. Бахъсэндэсхэм щапэщІэтын хуея щабэт кІуам зэхэта джэгуГъуэм абы зыкъырыригъэхьэлІакъым икІи 0:3-уэ хагъэщІауэ хуатхащ.

ЩІымахуэм и иужь дыдэ махуэм къэрэгъэщдэсхэм хуабжьу зэІущІэ гугъу кьапэщылъщ «ГорИС-179 РусГидро»-м дригъэкІуэкІыну икІи, ар зытрагъакІуэмэ, гуп нэхъыщхьэр ябгынэнущ. Апхуэдэ щытыкІэ кьэхъуащ нагъэбэрей лъандэрэ зыми пэмылэща прохладнэдсхэр тхьэмахуэ кІуам «Союз»-м бжьгъэшхуэкІэ ефІэкІа иужькІэ. Абы щыгъуэми «ГорИС-179 РусГидро»-м сэрмакъдсхэм я гъэм топи 6 дигъэкІащ. Ар нэхъыбэщ иджыри къэс хуэзфІэкІам нэхъэр - 5.

Дыгъэгъабзэм и 14-м щыІа ещанэ джэгуГъуэм зэрыщытекІуэрэ зыми пэмылэща «Ислъэмейми» бжьгъэшхуэ дыдэкІэ (8:1-уэ) хигъэщІащ «Малка»-р. Абы и фІыгъэкІэ ар щытыкІэ гугъум кьикІащ икІи кьыкІэлъыкІуэ зэхьэзэхуэм зыхуигъэхьэзыр хьунущ.

ДжэгуГъуэ блэкІам очкощыр тынш дыдэу зыІэрыха «Автозапчасть»-р щэбэтым ІущІэнущ «Тэрчым». Ар зытрамыгъакІуэмэ, зи чэзу чемпионыгъэр бахъсэндэсхэм я Іэрылъхьэщ. Апхуэдэу мыхьумэ, «Кэнжэм» гугъэ гуэрхэр кьыхуонэ, ауэ а махуэ дыдэм ар «ХьэтІохъущыкъуейм» ефІэкІын хуейщ.

2019 - 2020 гъэхэм екІуэкІ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ зэхьэзэхуэм зэкІэ щызэхэкІар зы Іуэхугъуэ закъуэщ. Ар домбейкъ медалыр Налшык и «Мурбек»-м зэрыІэрыхьаращ.

Гъуащхьаухэм я зэпеуэм зэрыщыпашэщ Сэрмакъ и «Союз»-м и пашэ Хъэрэпъашэ Жэмалдин. ФІэщщыІъуейщ къэнэжа джэгуГъуэ закъуэм абы зыгуэр япэ кьыщищыжьыфыну.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым и зи чэзу джэгуГъуэм кьрикІуа бжьгъэхэм. Мис ахэр: **«КъБКъМУ»** (Налшык) - **«Мурбек»** (Налшык) - **2:10**, **«Малка»** (Малкэ) - **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **1:8**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Инал»** (Къэрэгъэщ) - **3:0** (къэрэгъэщдэсхэр зрыщыкІуам къыхэкІыу), **«КъБКъУ»** (Налшык) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **1:2**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«ХьэтІохъущыкъуей»** (ХьэтІохъущыкъуей) - **4:1**, **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **5:1**, **«ГорИС-179 РусГидро»** (Прохладнэ) - **«Союз»** (Сэрмакъ) - **6:3**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2019 - 2020 гъэхэм я щІымахуэ чемпионатыр зэрекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	13	13	2	0	47-9	35
2.	«Кэнжэ»	13	10	3	0	30-5	33
3.	«Мурбек»	13	7	6	0	44-10	27
4.	«Тэрч»	13	7	0	6	20-15	23
5.	«КъБКъУ»	13	7	0	6	27-20	21
6.	«Бабугент»	13	6	1	6	29-22	19
7.	«Спартак-Д»	13	5	3	5	25-13	18
8.	«ХьэтІохъущыкъуей»	13	5	3	5	25-28	18
9.	«Шагъдий»	13	5	1	7	19-29	16
10.	«Союз»	13	5	0	8	28-40	15
11.	«Малка»	13	4	2	7	14-28	14
12.	«Ислъэмей»	14	2	5	7	22-34	11
13.	«КъБКъМУ»	13	3	1	9	12-34	10
14.	«Инал»	13	3	1	9	11-31	10
15.	«ГорИС-179 РусГидро»	13	2	2	9	11-46	8

● Бэнэкіэ хуит

Токъмакъ Азэмэт зыри къытекІуакъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Токъмакъ Азэмэт ехъулІэныгъэ щызыІэригъэхьащ тэмэму зэхэзымыхэм бэнэкІэ хуитымкІэ я къэралпсо чемпионатым.

ВЛАДИМИР кьалэ дэт университетым и спорткомплексым щекІуэкІа бэнэкІэ хуитымкІэ Урысейм и чемпионатым хэтащ къэралым и щІыналъэ 22-м кьикІа тэмэму зэхэзымыс спортсменри 120-рэ.

Зи хьэлъагъыр килограмм 70-м нэблагъэхэм я кІэух зэІущІэм Осетие Ищхъэрэ - Аланием и лыкІуэ Пузов Артём хигъащІэри, Токъмакъ Азэмэт чемпионатым и дыщэ медалыр зыІэригъэхьащ.

Зэхэзэхуэм кьыщигъэльэгъуа зэфІэкІ лъагэм ипкъ иткІэ Азэмэт ирагъэблагъащ Урысейм и командэ кьыхэхам дунейпсо зэпеуэхэм хэтын папщІэ. Ар ягъасэ Іэпщэ Анзоррэ БжьныкІэ Русланрэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщіэпащхьэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщі Иэз.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьэбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдэзекІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщІэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущіапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

(12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щыцтрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгъу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкі Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ, Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бищу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тралдзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр ПІ 5894 ● Тираж 2.108 ● Заказ №337